# pawòl ki bay LAVI A

[ELÈV]

ane 1



# PAWÒL KI GENYEN LAVI A

***Liv sa pibliye pou bay klas ak timoun nan katriyèm, senkyèm ak sizyèm ane fondamantal sa ki nan laj (9 a 11 zan)***

# Ane 1


***David Hayse***
Jeran Jeneral

***Mario Zani***
Editè Jeneral

***Ana M. Zani***
Editè piblikasyon pou timoun yo

***Dezama Jeudi, Alexis Sonel***
Tradiktè



Publiye pa

cnp

**editorial**

Cette edition est publiée par les Ministères de la Formation de Disciples - Région Mésoamérique, Eglise du Nazaréen

© 2016 dwa rezeve

ISBN 978-1-56344-8263

Kategori: Edikasyon Kretyèn

Tout anotasyon sa a yo soti nan Bib, Vèsyon Jerizalém.

Traduit par: Dezama Jeudi, Alexis Sonel

Mise en paj: Nixon Lima

# TAB MATYÈ YO

***INITE I: FANM KI GENYEN LA FWA YO*......................................................05**
Leson 1-3

***INITE II: KIJAN NOU KAPAB PRAN YON BON DESIZYON*.........................17**
Leson 4-8

***INITE III: KIYÈS KI FÈ PATI PÈP BONDYE A*...............................................37**
Leson 9-11

***INITE IV: JEZI, RWA NOU AN*........................................................................49**
Leson 12-17

***INITE V: NESANS LEGLIZ LA*.........................................................................73**
Leson 18-21

***INITE VI: MISYON NOU, SEALE CHACHE LÒT YO*.....................................89**
Leson 22-25

***INITE VII: PARABÒL JEZI YO*......................................................................105**
Leson 26-30

***INITE VIII: JEZI AP MONTRE KIJAN POU YO PRIYE*................................125**
Leson 31-34

***INITE IX: Y 'AP CHACHE SAJÈS AK BON KONPRANN*............................141**
Leson 35-39

***INITE X: AKTITID JEZIYO LÈ L' AP ANSEYE*.............................................161**
Leson 40-43

***INITE XI: ELIZE YON NON'M KI GENYEN ANPIL KONPASYON*...............177**
Leson 44–47

***INITE XII: FÈT NWÈL LA*..............................................................................193**
Leson 48-52

Leson 1

KAYE ELÈV LA

# MAT REKONFIME LA FWA LI NAN JEZI

**Vèsè pou aprann:** Mat reponn li: Mwen kwè ou se kris la, pitit Bondye a. Ou se moun kite gen pou vini sou la tè a. (Jan 11:27).

## KONFYANS

Kisa sa vle di?

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

Nan ki moun ou mete konfyans ou?

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

______________________

Ranje kòrèkteman lèt sa yo. Li pral montre'w lè ' w bezwen konfye'w nan yon lòt moun:



EETR ELS

______________________



ENEV

______________________



SRTIS

______________________

Panse pou wè si ' w te jwen okazyon pou' w te konfye' w nan yon moun, ekri yo nan desen nou jwenn anba yo pou di l. Aprè sa, fè yon desen pou montre ki vizaj moun sa te bay.

______________________

______________________

Moun sa ka fè nou wont, men se pou' n toujou konfyen' n nan ______________.

# PA GENYEN ANYEN KI ENPOSIB POU LI



Nou pral fè leson sa avèk yon pyès teyat

**Mat:** (Li te voye yon gwoup moun al bay yon mesaj) !Nou dwe chache Jezi! Li se sèl moun ki kapab ede Laza. Lè nou jwen'n ak li di li konsa: "Mèt nonm ou renmen anpil la malad". Li menm li kon'n sa' I dwe fè.

**Rakontè a:** Gwoup moun yo te voye a, pote nouvèl la bay Jezi, yo te retounen ak yon bòn nouvèl:

**Mesajè a:** Li malad se pa pou mouri, se pou glwa Bondye kapab manifete nan lavi 'l.

**Rakontè a:** Jezi te renmen Mat, sè' I la ansanm ak Laza. Lè li te tande sa, ke zanmi I lan te malad, li te rete de jou (2) anplis kote li te ye a.

**Mat:** Kote Jezi? Poukisa li pa vini ansanm ak nou? Li konnen ke zanmil lan Laza te malad anpil. Bondye konnen ke 'I ta dwe rive byen rapid. !Sa fèm mal anpil lè m wè frèm nan ap soufri!.

**Rakontè a:** Men Jezi pako rive. Sè Laza yo te santi yo te tris epi dezole, lè yo te wè sèl frè yo a te mouri yo te di: si Jezi te la nan moman sa sèl vye frè nou an pa ta mouri. Men, nan menm moman sa Jezi te di disip li yo konsa:

**Jezi:** Zanmi nou an Laza ap dòmi; kounye ya mwen prale pou' m ale reveye li.

**Disip yo:** Mèt, si se dòmi l'ap dòmi li ka geri.

**Rakontèa:** Jezi te pale konsa li t'ap pale sou koze lanmò zanmil lan Laza, men mesye yo te konnen li t 'ap pale sou koze rezirèksyon an nan dènye jou a. Jezi te di byen klè ak mesye disip li yo Laza te mouri. Kat (4) jou aprè ke Laza te fin antere, genyen yon nouvèl ki vini nan zòrèy medam yo ke Jezi te rive nan vil la. Lè Mat te tande sa, te kouri sòti pou 'l te ale rankontre ak li. Men, li p' at konnen poukisa Jezi pa rive anvan, nan jan yo te vle l la. Yo pa' t konnen si yo te bezwen èd li?

(Jezi te aproche kote yo te ye a, men Mat te resevwal ak yon gran kri….)

**Mat:** !Seyè, si ou te la, frè m nan pa t'ap mouri! Men, sèl sam konnen tout saw mande Bondye l 'ap ba ou li.

**Jezi:** Frè'w la pral leve nan yon ti tan ankò.

**Mat:** Mwen konnen ke l'ap resisite nan dènye jou a.





**Jezi:** ”Mwen se rezirèksyon ak lavi; moun ki kwè nan mwen, menm kan yo ta mouri y ‘ap viv pou tou tan. Tout sa k’ap viv yo se sa ki kwè nan mwen yo, e yo p’ ap janm mouri.

**Mat:** wi seyè, mwen konnen ke w se kris la sèl gren’n pitit Bondye a, kite genyen pou’l te vini nan monn nan.

**Rakontè a:** Li te retounen epi li rele Mari pou li al wè Jezi. Lè li wè kouman yo t ap plede rele epi soufri akòz lanmò frè yo a, bagay sa touche’ l nan lespri l epi li di:

**Jezi:** ki kote nou te mete l? (Lè yo te montre l tonm nan, Jezi tonbe kriye).

**Jwif yo:** !Gade kijan li te renmen ‘l!

**Lòt Moun:** Li p’at kapab, nonm sa ki konn louvri je avèg yo, fè Laza pa mouri?

**Rakontè a:** Nan menm moman sa Jezi leve li ale bò kavo a epi li di: retire gwo wòch la, nan menm moman sa Mat koumane rakonte l sak te pase yo.

**Mat:** Mèt, li santi deja, paske sa fè depi kat jou (4) nou te antere’ l.

**Jezi:** Mwen pa ‘t di’ w depi w kwè wap wè glwa Bondye?

**Jezi:** Papa, mèsi paske ‘w tande nou. Mwen konnen’ w toujou reponn mwen; li te di sa pou moun sa yo ki t’ap tande’ l la, pou yo ka kwè ke se ou ki voye’ m.

**Rakontè a:** Lè’ l fin di pawòl sa yo, te fè yon gran kri.

**Jezi:** !Laza, sòti!

Rakontè a Nan men’m moman li sòti, avèk men ’l yo ansan’m ak pye ‘l yo mare ak figi’l. Nan men’m moman sa li te ale pale ak kèk moun li te di yo:

**Jezi:** Retire band sa yo, epi kite’ l ale.

# KONFYANS

Nan ki monan nan vi'w li te fasil pou ou, pou'w te konfye'w nan Jezi?

Nan ki moman nan vi'w li te difisil pou ou pou'w te konfye 'w nan Jezi?

Nan kiyès nan sitiyasyon sa yo li te pi difisil pou ou pou'w te konfye'w nan Jezi? Mete yon ti zetwal nan kote kite pi difisil pou ou a.

Mande Bondye pou'l ede'w mete konfyans ou nan li epi renmèt li tout pwoblèm ou yo.

# PA METE KONFYANSO U

## PRISIL TEMWAYE LA FWA LI

**Vèsè pou aprann:** Mat reponn li: ''Mwen kwè ou se Kris la, pitit Bondye. Ou se moun kite gen pou vini sou la tè a''.(Jan 11:27).

# YON GWOUP MOUN KITE KONN FÈ NAP, AP PALE DE JEZI

Moun sa yo kite kon'n fè nap yo se te prisil ak mari li akila ki t 'ap viv nan vil Efèz. Travay yo te kon'n fè se te fè nap. Se te bon zanmi apòt Pòl yo te ye, li menm tou, te konn fè nap, menm kan li menm te plis okipe'l nan zafè misyonè'l.

De moun sa yo se te nan menm fanmi jwif la yo te ye, yo te aksepte Jezi kòm sovè pèsonèl nan lavi yo, yo te vle anpil lòt moun konnen 'l kòm sovè la vi yo.

Yon jou yo te leve ale nan sinagòg la pou al tande mesaj Yon nonm yo te rele Apolòs, youn kite aprann anpil bagay sou disip Jan Batis yo ki te konn rakonte istwa Ansyen Testaman ak anpil senserite. Li te konn anseye ke genyen yon jou ke yon sovè k'ap vini nan mond lan.

Prisil te kontan anpil lè' l tande pawòl sayo. Konsa, Apolòs pa 't konn anpil bagay de Jezi.



Aprè ke moun sa yo te fin tande yo, yo te envite'l pou 'l ale lakay yo, konsa yo te pwofite anseye'l anpil lòt bagay de Jezi. Yo te anseye'l ke'l te mouri sou yon kwa pou peche tout moun epi aprè twa (3) jou, li te leve byen vivan nan lanmò.

Apolòs se te yon bon elèv li te ye. Li te kontan anpil pou'l pale ak disip Jan Batis yo tout sa'l te aprann yo. Aprè li te ale nan anpil lòt kote pou'l te anseye anpil lòt moun.

Prisil ansanm ak maril li te kontinye fè nap, se pa sa sèlman yo te menm louvri pòt lakay yo pou ka anseye anpil lòt moun de fwa yo nan Bondye. Nan menm kay sa yo te koumanse ak yon legliz. Yo te kontan anpil pou yo te anseye Apolòs de Jezi.



9


LOPITAL
KLINIK
DOKTE
KAY POU
PERYODIK
PLAS PIBLIK
RESTORAN
GRANMOUN
VWAZINAJ
APATMAN
LEKÒL
KAY POU RETE
LEGLIZ
MAGAZEN
MACHE

# NOU KONNEN YO?

Byen gade desen sa yo ki nan vil la, epi koumanse panse ak tout moun ou wè devan jew chak jou yo. Si'w konnen non yo ekri yo nan espas vid sa yo. Si'w pa konnen non yo, ekri sa yo fè ak kote y'ap travay. Mete yon zetwal kote sa ki di'w se kretyen yo ye, epi priye pou sa yo ki nan lis, sa ki pako kretyen yo.

| | |
|---|---|
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |
| ______________________ | ______________________ |

# Kisa nou dwe fe pou Jezi pou pa yopn sekre?

Mwayen nou ka pale ak yon moun de Jezi

1. Envite yon zanmi vin gade yon fim kretyen
2. Tande mizik kretyen
3. Mete anpil desen kretyen nan chanm ou kouche a
4. Li anpil ti istwa biblik ak ti moun ki kretyen yo
5. Bay temwayaj ou nan legliz la.
6. Priye anvan'w domi.
7. Li liv ak bwochi ki pale sou la vi moun ki kretyen yo.
8. Itilize liv ki genyen desen kretyen
9. Renmen Bondye ansanm ak pwochen' w menm Jan ak pwòp tèt ou.

Panse ak moun
sa yo ki pako konnen Jezi
kòm sovè yo. Fè yon lis epi chache
mwayen ou kapab pale ak yo de Jezi.

Kounyeya fè yon plan nan kisa'w pral fè?



Prepare w pou ou
rakonte nan pwochen
klas la bon siksè ou te
reyalize nan pale ak lòt
moun de Jezi!

# LIDI, YON FANM KI METE LA FWA LI AN AKSYON

Vèsè pou aprann: Mat reponn li: Mwen kwè ou se kris la, pitit Bondye. Ou se moun kite gen pou vini sou la tè a. (Jan 11:27).

## MWEN PRAL DI YO

Kiyès moun ou renmen anpil?
Ou genyen yon bon zanmi ou konn rakonte ti sekrè' w yo?
Kiyès moun sa?
Ak ki moun ou pale lè kè'w kontan?
Ekri andan kè sa tout non zanmi ak fanmi ki pi enpòtan nan vi'w epi ki nan kè'w?



# Lidi Pran desizyon an ak bon konprann

Kote sa genyen yon sinagòg e jodia se yon jou repo li ye. Youn nan zanmi apòt Pòl yo te di konsa: Ki kote n'ap kapab al fè louwanj pou Bondye?

Nan yon vil kote ki pa genyen yon sinagòg, moun yo te konn ale nan yon rivyè pou yo ale adore'l, Pòl te reponn konsa nou kapab jwenn yon kote pou'n al adore li.

Nan menm moman tout moun yo te ale arebò yon rivyè pou yo te reyini ansanm ak kèk jwif pou ale fè louwanj bay Bondye. Yo te genyen anpil volonte pou te pale ak lòt yo de Jezi, mesiya ke anpil jwif t'ap tann ak anpil kè kontan.

!Konsa te genyen yon gwoup ki te kwè ke yo te nan yon bon kote poute adore Bondye!

-Genyeen youn nan yo kite di konsa:

Pòl ak yon gwoup zanmi'l te chita menm kote ak yon bann fanm ke'l te rankontre la. Medam sa yo t'ap koute ak anpil jwa sa apòt Pòl t'ap di yo a, youn nan medam sa yo se te Lidi, yon fanm kite konn fè komès nan vil Tiyati a, ki t'ap vann bèl twal wouj kite chè anpil.



Li ak zanmi'l yo t 'ap koute jan Pòl t'ap anseye verite levanjil la, ki t'ap pale kouman Jezi te vini nan mond lan, te vin mouri sou yon kwa epi kouman Bondye te leve'l byen vivan nan lanmò aprè twa jou.

Lidi te panse ke Mesiya te vini, se te moun sa nou t 'ap tan n depi plizyè lanne.

Ou kapab batize'm? Mwen ta renmen tout zanmi'm yo ak fanmi'm yo konnen Jezi.

Lè fanmi'l yo te vin tande mesaj sa, yo te vin kwè epi yo te vin rive batize tou.

Lidi p'at vle Pòl ansanm ak lòt moun yo ale, paske yo te vle aprann plis bagay de Jezi. Konsa, yo te vin rive pase kèk jou ankò.

# OU KONNEN ZANMI 'M NAN?

Koupe paj sa nan pati ki genyen ti ling nan. Double yo epi w'ap vin genyen yon ti liv de uit (8) paj. Aprè ekri vèsè sayo nan desen ki anba yo ak ilistrazyon yo bay sou Jezi yo.

Zanmi'm nan, Jezi mouri sou yon kwa paske te genyen zanmi ki p 'at renmen' l. Li te konnen ke'l ta pral mouri pou'l te kapab peye tout dèt peche nou yo. Li te fè sa pou tèt lanmou li genyen pou nou.
Mak 15: 25-26.






Konsa, zanmi'm nan Jezi te vin leve byen vivan nan twazyèm jou a e li te pote viktwa sou lanmò ak peche.L'ap viv pou toutan gentan.

Lik 24:6.



Pitit la menm t ' ap grandi, li t' ap devlope .li te gen kont lespril, epi favè Bonde ak li.

Lik 2 :40



N'ap fete fèt nwel la? Si se konsa n'ap fete nesans zanmi nou an Jezi.
Lik 2:7.



Zanmi'm nan Jezi vle vin zanmi pa'w tou. Li te monte nan syèl e li tou pre pou'l padone tout peche ak tout bagay mal ou te fè. Si'w kwè nan li epi 'w repanti, l'ap padone 'w epi l'ap ede'w vini yon lòt moun.
Travay 1:9-11.



Zanmi'm nan Jezi te anseye moun de lanmou Bondye, te gerisa yo kite malad, bay manje ak sayo kite grangou epi resisite sa yo kite mouri.
Matye 5:1-2.



Leson 4

KAYE ELÈV LA

# !OU DWE RESPONSAB TOUT DESIZYON 'W YO!

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè kit n'ap manje, nenpòt kisa n'ap fè, fè 'l pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye. (1 Kor 10:31)



Nan de pòm sa yo kilès nan yo ou wè ki sanble pi bon?




Fè yon zetwal anba pòm ou ka panse ki pi bon an. Double paj la nan liy pwen yo.

# DESIZYON LÒT LA



¡Sa w panse ki pi bon an, kapab se li ki ka pa bon!



(Lot kouri rantre nan  tant kote Abram  te ye a)

**Lot:** !Tonton Abram! !Tonton Abram!, !Gadò mouton nou yo tonbe goumen ankò!

**Abram:** Ap goumen ankò?

**Lot:** Li di konsa: se pa sa yo fè, gadò mouton'w yo di ke pa gen ase manje pou mouton pa w yo ak pam yo. Kisa nou dwe  pou'n kapab jwen solisyon ak pwoblèm sa?

**Naratè a:** Abram pran yon ti tan, I ap panse pou wè sa'l pral fè. Li te genyen anpil bèf ak mouton, menm jan ak neve li a Lòt. Pa t gen ase manje pou ba mouton Abram yo ak mouton Lòt yo manje ansanm.  Li te renmen neve I la anpil, li p' at vle genyen pwoblèm ak li, li te di'l sa.

**Abram:** Pa dwe genyen okenn pwoblèm ant mwen menm ak ou, paske se de frè nou ye. Eske'w pa wè tout vale sa yo devan je'w? m ap priye'w an gras pou'w pa elwaye'w de mwen tanpri, si'w pral bò goch la mw prale kote dwat la, epi siw app ran kote dwat la mwen prale kote goch  la.

**Lòt:** !Ale! Abram kite'm chwazi kote m vle a. anplis ou pi gran pasem epi ou se tonton mwen, pou rezon sa Ou ka  chwazi, men li te kitem pran anvan bò dwat la.    !sa a bèl anpil! .

**Naratè a:** Misye leve je'l, li gade I wè bò jouden an. Li te gen anpil manje, menm jan ak jaden Bondye a. Malgre sa te genyen yon ti pwoblèm: peche moun ki tap viv nan lavil sa. Men, kòm Lot te wè anpil dlo ak manje pou mouton I yo. Pou rezon sa, li te chwazi pou li



kote sa.

**Abram:** oke, pran tout vale sa pou ou ansanm ak mesye'w yo, mwen menm m prale nan kolin nan.

**Naratè a:** konsa yo tou de te vin rive separe. Abram te vin rete nan vil kanaran, pandan ke lot te vin rete nan kan nan lavil sodòm nan. Kèk ane aprè gadò mouton yo te vin pi plis chak jou. Paske yo t'ap byen manje. Li te vin rive yon nonm ki rich anpil li pat vle rete anba tant ankò, pou sa I te al viv nan lavil Sodòm. Men moun peyi sa te konn fè anpil peche ki grav devan Bondye.  Sant peche sa yo te menm rive kote Bondye, li te pran desizyon'I poul te detwi  vil sa. Men kòm Lot se te neve Abram, Bondye te voye de zanj pou al sove I anba destriksyon sa.

**Zanj yo:** Ann al detwi vil sa, kri moun lavil sa yo te rive devan je Bondye. Pou rezon sa Bondye voye detwi vil sa, ale al rakonte fanmi'w sak pral rive a.

**Naratè a:** Lot te pale ak bofil yo, mesye kite marye ak pitit fil yo.

**Lot:** leve, kite vil sa; paske Bondye pral detwi vil sa.

**Naratè:** Bofil yo te panse se te blag li t' ap bay. Zanj yo te di lòt ann fè sa pi rapid. Li te di I konsa:

**Zanj yo:** Leve vit, pran madanm ou ansanm ak de pitit fi w yo pou yo pa detwi  nan chatiman Bondye pral voye sou vil la.

**Naratè:** kòm li rete, mesye yo kouri   kenbe menl. Li menm, madanm li ansanm ak pitit fil yo. Paske yo jwen favè nan je Bondye, lè yo vin rive deyò ansanm ak yo,  zanj yo te di lòt konsa:

**Zanj:** sove la vi'w; pa gade dèyè, pa vire mete je'w sou oken bagay nan vil la.

**Naratè:** Lè Lòt ansanm ak fanmi li te fin sòti nan vil la, konsa Bondye te fè sòti nan syèl la yon gwo boukan dife pou te detwi vil  sodòm lan ansanm ak tout moun yo…..se konsa madanm Lòt te vire gade dèyè, sou  zepòl li epi li te tounen yon estati.

(Nou jwenn iswa sa nan liv Gn 13:6-13, 19:14-1, 24 ak 26).

# ¡DESIZYON YO!

¡DESIZYON YO!

¡DESIZYON YO!

Bondye ban nou tout yon privilèj ak yon responsabilite pou'n pran desizyon nou. Ki kèk desizyon nou kapab pran?

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

Mete yon kwa bò kote desizyon ki difisil pou pran yo. Ki sa timoun yo panse sou laj ou, lè yo pran yon desizyon?

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

Ki sa' w ta dwe panse lè'w pran yon desizyon?

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

Kouman' w ta dwe panse si yon desizyon konn bay bon ak yon movèz konsekans?

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

Leson 5

**KAYE ELÈV LA**

# ITILIZE TALAN'W YO POU BONDYE

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè kit n'ap manje, nenpòt kisa n'ap fè, fè 'l pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye (1 kor 10:31).

## Ki talan ou genyen?




Nan chak blad ki nan desen sa a yo gen yon ban n aktivite diferan ki ekri landan l. Fè yon zetwal nan sa'w santi'w ka fè pi byen an.

**KISA'W KONN FÈ ANKÒ BYEN?**

______________________ ______________________

______________________ ______________________

______________________ ______________________

______________________ ______________________

# Bati gwo tamp TABÈNAK



-Li te rele byen fò! Bezaleyèl! !Bezaleyèl! ki kotew prale ou prese konsa.

-li te reponn li mwen anba tant Moyiz la. –Li ta vle pale ak ou

-Li te dim tou pou m ale di Awoliab sa tou.

-Men ki sa li vle pale ak nou menm? -Li te reponn li: Genlè se sou menm kouze gwo Tabènak la, pandan mesye yo ap presye pou ale jwen ak Moyiz.

Mesye yo te konnen ke Bondye te gentan bay Moyiz plan poul te konstwi gwo kokenchen tabènak la. Paske se pral yon kote pou pèp Bondye a kapab adore'l. Moyiz te di mesye'l yo konsa ke Bondye te chwazil poul te kapab konstwi tanp lan. Men tanp sa se yon bagay mobil li va ye pou nou ta kapab leve ale metel yon lòt kote. Paske pèp Izrayèl konn ap vwayaje nan anpil lòt kote. Menm kan se konsa sa ap fèt, deyò a ap genyen anpil limyè, men andan ap bèl anpil anpil.

Konsa mesye yo rive anba tant kote Moyiz te ye a, yo salye li:

-Moyiz te di yo konsa! Byenvini mesye m yo! Mwen mande nou pout e vini pou'm ka rakonte nous a Bondye te di'm yo, pandanm te sou montay sinayi a; poum resevwa nan menm chak moun yon ofrann ki volontè, ki soti andan kè yo. Pou'w konstwi yon tanp pou mwen kapab rete nan mitan yo, nan fason mwen pral mande'w pou fèl la. Se konsa m'ap fè desen an ansanm ak tout bagay nap mete ladan'l yo. Bondye mande nou fè l nan jan'l di, si se konsa prezans li pral desann pou l vin viv nan mitan nou.

-Bezaleyèl di konsa moun yo te pote yon bann ofrann.

-Apre say o te di Moyiz konsa, nou te fè sa nan janw te di nou an.

Nou genyen tout materyèl yo la, pèp la te kontan anpil pou te bay ofrann lan pou konstwi tan plan.

-Awoliab te di konsa: yo te pote anpil lò, lajan, bwa ak twal.

-Moyiz te di: kounye a nou ka koumanse konstriksyon an nan jan Bondye te di a.

-Bezaleyèl te di konsa: Kisa'w vle nou fè menm?

Moyiz te reponn li, lè nou te sou montay la Bondye te di 'm, tande sa m'ap di w la m te rele Bezaleyèl m te ba l anpil entelijans ak konesans, nan syans ak nan koze atizana, pou ka travay ak lò, ajan ak bronz. Pou kapab travay ak nenpòt ki materiel. Mwen mete ansan m ak li Awoliab epi ba yo tout kalite konesans ak entelijans pou reyalize travay sa yo.

Mesye say o te kontan anpil paske Bondye te chwazi yo pout e kapab travay nan Tamp lan men yo te genyen anpil laperèz. Pandan Moyiz te wè sa li te di yo.

-Pa pè Bondye te chwazi nou pou travay sa, epi li ban nou kalite ak kapasite pou nou kapab reyalizel ok.

-Awoliab te di se yon gwo travay wi. N'ap kapab reyalizel?

-Moyiz te reponn wi. Bondye ap ede nou poun ka konnen tout sa nou genyen pou nou fè, anpil de sa pèp la tou a pè de nou.

Travay la te koumanse sa kite konn koupe bwa yo ap koupe bwa, sak te konn dekore ap dekore lò ak ajan anndan tankou deyò tamp lan. Lòt yo t 'ap travay deyò; lòt t'ap fè rido epi lòt t'ap koud rad pou prèt yo.

(Listwa sa nou jwenn li nan Egzòd 25 ak 31)

# Mwen pral fè l pou

# BONDYE

Ekri nan  paj sa tout aktivite ou konn fè byen. Chwazi de nan talan sa yo ou te itilize pou Bondye pandan senmenn sa; apre sa ekri yo.

| Talan | Kijan 'w itilize yo |
| --- | --- |
| ______________________ | ______________________ |
| | ______________________ |
| | ______________________ |
| | ______________________ |
| | ______________________ |

| Talan | Kijan 'w itilize yo |
| --- | --- |
| ______________________ | ______________________ |
| | ______________________ |
| | ______________________ |
| | ______________________ |
| | ______________________ |

Prepare ' w byen pou  lòt rankont lan ou ka  pale ak lòt yo.

Leson 6

KAYE ELÈV LA

# !ATANSYON! AK DESIZYON W AP PRAN YO

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè kit n'ap manje, nenpòt kisa n'ap fè, fè 'l pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye (1 kor 10:31).

## *Ki konsekans ki ka rive si yon moun...*







| FIMEN | ESPÒ | ETIDYE |
|---|---|---|
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |
| PA FIMEN | PA FÈ ESPÒ | PA ETIDYE |
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |
| ____________ | ____________ | ____________ |

## *VERITE A SE:*

***Pran yon desizyon nan tèt cho, ap bay yon konsekans ki grav anpil.***
***Se sèlman bon desizyon yo ki konn bay yon bon konsekans.***

-Absalon pitit gason David la te panse si sèlman li ta yon wa men sa'l t'ap fè, youn kite genyen anpil anbisyon  pou palè wayal la.

Li ta pran plas papa l la, li ta leve byen bonè nan gran douvanjou tap vin kanpe  devan palè a, nenpòt moun ki ta vle rantre anndan pou ale kote wa a; men sa l tap di'l. Nan ki vil ou sòti.

-Li t'ap reponn li: Nan youn nan tribi an Izrayèl yo.

Absalon t'ap di li:

-Pawòl  ou di a bon se vre men…, pa genyen moun ki pou resevwaw nan jounen Jodi a. Li tap ajoute ankò. !Li metem wa nan peyi a, tout sa yo ki genyen yon pwoblèm. Epi mwen ap ba yo jistis!

-Yon jou, Absalon te mande David papal  yon bagay poul te ale Ebwon pou li al adore, epi David te di l konsa ale non. Men nan li menm li pat janm genyen dezi pou li ale adore vre, men nan objektif li se ale leve yon palè wayal nan kote sa pou kont papal. Paske te gen plan poul te vin wa nan plas papal.

Nan menm jan papal te dakò ak li, aprè  yon tan li te voye yon moun kouri vin di: "lè 'w  koumanse sonnen son klòch la se pou w di !Absalon wa nan vil Ebwon an!"

Absalon te mande ak Ayitofèl, youn nan konse-yè David yo se poul leve kont papal poul ka kite twòn nan, nan menl.

Yon jou genyen yon bri kouri ki eklate nan kote David te ye a.

-Kote yo dil konsa: tout moun yo ap mache ak Absalon.

Nan menm moman sa David reyni ak tout sèvi-tèl yo nan lavil Jerizalèm li di:

-Leve, ann ale, paske nou pa kapab kache devan Absalon; ann ale byen vit, poul pa gentan touye tout moun yo ak nepel la.

Nan menm tan sa David ale sou montay la al kriye sou mòn doliv la; li t'ap di byen fò !Gad sa Ayitofèl fè, se pou konsèy li yo pa mache!

Men Ousayi youn nan konseye David yo, te dle se poul ale Jerizalèm poul al montrel Absalon kel dakò ak sal fè a. Kote misye ap konnen kew vle sal fè a.

Usayi te di li: ak ki moun map sèvi? Se pa pitit ou? Menm janm te sèvi devan papaw, konsa m'ap fè devanw.

Absalon te panse ke papal pap ka kontinye ap dirije ankò, se pou rezon sa li te mande Ayitofèl konsèy sa.

-M'ap chwazi 12 mil gason, map leve poum al



# DESIZYON YO GENYEN KONSEKANS YO

swiv rwa David pandan nwit sa. N'ap leve kont li li; pandan ke l'ap repozel epi san defans.

Absalon mande tou ak Usayi kisal dwe fè. Usayi te konnen ke konsey sa ke Ayitofèl te ba li a ta pral bay yon bon rezilta, paske rwa David ak lame li a te bezwen anpil tan poul te repozel epi panse sa yo pral fè yo. Pou tèt sa, li te dil rete tann poul genyen yon bon kou sòlda.

Konsa, Absalon ak mesye pèp Izrayèl la te dil:

-Konsèy Usayi a te pi bon pase sa Ayitofel te bay la.

Nan menm moman sa lè lanme Absalon an te soti ale jwenn lanme rwa David la, mesye say o te gentan repose epi te byen dispose yo pou batay la.

-Wa David te bay mesyel yo lòd, piga nou fè Absalon anyen.

Moun Absalon yo ale rankontre lanme David la, konsa de lanme yo rantre ansanm.

Absalon ta prale ak yon foul moun sou yon gwo chwal pou al rankontre mesye wa David yo. Chwal misye a rantre anba yon lyann epil tou mare l, Absalon wèl al ban di sou mesye yo, li te vin rive yon kote li pat konnen si se nan syèl ak sou la tè l te ye. Kote chwal misye a kontinye mache.

Men youn nan lanme wa David t'ap gade Absalon li te pran di kosa:

-Nou wè Absalon wi, nan moman sa jeneral Joab, kòmandan nan lanme wa David la, te pran nepel li te tiye Absalon epil te mouri. Pandan David papal te tande nouvèl sa te di:

-!Pitit mwen Absalon!, pitit mwen, pitit mwen, pitit mwen Absalon!

Wa David te ale Jerizalèm ak lanme li a tou tris.

(Nou jwen ti istwa sa nan 2 Sam 15 v 1-37; 16 v 16; 18 v 33.)



# Kijan nou kapab pran yon desizyon?

Li pwovèb 8 v 10-11 epi ranpli espas vid yo.

Pito ou chache gen_________________

Pase pou ou genyen lajan_________________

Pito ou chache gen_________________

Pase pou gen pi bon_________________ paske, mwen

mem_____________ mwen pi bon pse____________ pa

gen anyen ou ta renmen genyen_________________

Nan yon lòt mo:

_______________________________________

_______________________________________

_______________________________________

_______________________________________

Si ou pa kwè nan desizyonw pral pran, al gade sa Bib la di sou sa. Nan sa pou wè ak desizyon. Atansyon ak desizyon 'w genyen ou pran pandan senmenn nan, epi prepare'w pou rakonte lòt yo kijanw te fè pout e sèvi Bondye.

# SE POU'W FÈ SA KI DWAT POU KAPAB YON MOUN KI DIFERAN

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè kit n'ap manje, nenpòt kisa n'ap fè, fè 'l pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye (1 Kor 10:31)

## KONTINYE

Nan desen sa genyen yon fraz ki kache. Obsève l, koumanse kote'w wè lèt T a ye a, epi kontinye sou menm nan. Ekri tout lèt ou jwen anba yo. Kanpe lè' w gade fraz la fini. Mete yon kwa x nan kote'w kanpe a.




______________________________

______________________________

## SWIV LIDÈ A

# !NOU MENM NOU KONNEN SA!



**Naratè:** Nebikadneza, wa peyi Babilòn nan, te fè yon deklarasyon kotel te declare lagè kont peyi Jida. Li te genyen batay la epi li te fè anpil ladan yo tounen esklav. Konsa wa Aspenaz, chèf enik lan, kite vini ak pitit Izrayèl yo, ki soti nan lakou wayal la kèk jenn ti gason byen bèl, pou yo te kapab vin rete nan palè a.

**Naratè 2:** Nebikadneza te bay yon lwa kote pou yo te enseye jen gason Ebre sa yo pandan twa zan, epi aprè lè yo fini pou vin prezante mesye sa yo devan li. Pami jenn gason sa yo te genyen Danyèl ak zanmi li yo Ananyas, Misayèl ak Azaryas.

**Aspenaz:** (T' ap dirije Danyèl ansanm ak zanmi li yo).

-Wa Nebikadneza te bay lòd pou te edike yo nan koze lekti a. epi montre yo lang peyi Babilòn nan. Li te bay yon lòd pout e manje epi bwè sou menm tab ak li.

**Danyèl:** Nou menm se moun peyi Izrayèl nou ye. Bondye nou an te toujou di nou piga nou manje tip manje sa yo. Sil vouplè sèvi yon lòt kalite manje.

**Aspenaz:** Mwen ta renmen fè sa nou dim yo menm mwen anpil perèz pou mèt an. Se wa menm ki bay lòd li, men lè l gade wè ti vizaj nou chanje li pral banm pwoblèm mwen menm lèl gade wè lòt mesye yo byen fre; li pral tiyem mwen menm; anplis de sa lòt mesye yo renmen manje sa.

(Aspenaz vin soti Danyèl ansanm ak zanmil yo koumanse pale youn ak lòt)

**Ananiyas:** -Danyèl, kisa nou pral fè menm? !nou pakapab manje, manje sa yo ak bwè diven sa!

**Misayèl:** -!No! si nou ta fè sa nap dezobeyi lwa Bondye nou an.

**Azaryas:** -Kisa ki ka rive si nou asepte manje?

**Danyèl:** M pa konnen, !Men nenpòt sak ta rive a, mwen menm mwen pap manje ni bwè nan bwason ak diven Bondye yo!

Ananyas, Misayèl ak Azaryas: !Nou menm non plis!

**Gadyen an:** -Bon, men lè manje yo a preske rive, !ke privilèj nou menm nou genyen nou pral manje sou tab ak rwa!

**Danyèl:** -Silvouplè seyè ou pa ta ka sèvi nou legim ak dlo?

**Gadyen an:** Men, poukisa nou vle manje legim nan menm ak dlo jiskilè n'ap ka fin manje tout bagay sa yo?

**Danyèl:** -Paske manje sa yo ap kontaminen nou.

**Gadyen:** -Gade, mwen bay lwa mwen, !anplis de sa gade lòt mesye yo!, yo



menm y'ap manje, apre yo fin goute.

**Danyèl:** M'ap priye'w pou fè sa ak sèvitè ‵ w yo, pandan dis jou pou ban nou legim ak dlo sèlman. Apre sa gade figi nou pou wè ansanm ak mesye sa yo ki ap manje manje rwa.

**Gadyen:** Ok, (ak anpil plenyen epi bougounen), ann al gade pou dis jou sèlman. Men apre sa nou genyen pou nou manje, manje rwa. Kite'm al chache legim lan ak dlo a.

**Naratè 1:** Deja genyen dis jou ki gentan ekoule mesye yo manje sèlman legim ak bwè dlo.

**Ananiyas:** -Kijan'w santiw misayèl?

**Misayèl:** !Fantastik!

**Azariyas:** Map di menm bagay la, map panse figi gadyen an pral bay lèl wè nou.

(Gadyen an rantre)

**Gadyen:** Dis jou an gentan fini deja. Mwe pral gade kijan nou ye. Apwoche kote fenè la.

**Danyèl:** -Kisaw panse?

**Gadyen:** !M' pa ka kwè sa! Sim pa ta wè sa ak pwòp je pam mwen pa tp kwè sa.

**Azariyas:** Kisaw vle di la?

**Gadyen:** Nou menm nou pi free pi an santé ke lòt mesye yo ki tap manje, manje rwa a.

**Danyèl:** E byen si konsa nou ka kontinye manje leglim seyè?

**Naratè 2:** Bonye te beni anpil Danyèl ansanm ak tout zanmi li yo. Paske yo te genyen anpil kouraj pou kenbe nan sayo te konnen kite bon. Kat jenn mesye sa yo Bondye te ba yo anpil sajès ak entelijans nan pawòl yo.

**Naratè 1:** Aprè twa lanne ankò, vin rive moman kote Danyèl ak zanmil yo te genyen pou yo vin egzamine yo devan rwa Nebikadneza.

**Rwa Nebikadneza:** !Aspenaz! !Mennen ban mwen kat jenn gason ou te konn palem yo!

**Aspenaz:** -!Wi, rwa, kounyeya menm!

**Naratè 2:** Aspenaz te Mennen bay rwa Danyèl ansanm ak zanmil yo devan rwa Nebikadneza. Li pral pale ak yo, li pat janm jwen Danyèl ak zanmil yo yon lòt moun kite genyen konesans ak sajès sa yo.pou rezon say o te rete nan fè sèvis bay rwa. Nan sa rwa te konn mande yo te toujou jwenn yo dis fwa pi entelijan pase astwològ ak rwa maj yo kite genyen nan tout rwayòm li an.

(Nou jwen istwa sa nan D an 1).

# Se pou ou menm jan ak Danièl

## Se pou ou degaje'w pou diferan!

**Mwen**

____________________________________

**decide m pou mwen kenbe nan sa mwen kwè ki bon, menm lòt moun pa fè menm jan.**



________________________________ ____________

**Siyen** **Dat**

KAYE ELÈV LA

## PRAN DESIZYON W POU AVANSE POU PI DEVAN

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè kit n'ap manje, nenpòt kisa n'ap fè, fè 'l pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye (1 kor 10: 31).

# Pa livre w bay presyon

Si zanmi'w yo mandew pou fè yon bagay ki mal epi ou di yo NO, men yo ensitew, w 'ap aksepte ak sa yo made ' w la?



Fè yon won n kote 'w nimewo ou kwè ki gen bon repons. lan



Si yo ta ri'w epi chanje non'w

LI PWOBAB PÈTÈT NO

1 2 3 4 5



Yo fè 'w sant ou pa byen

LI PWOBAB PÈTÈT NO

1 2 3 4 5



Ou deside pou pa zanmi yo ankò.

LI PWOBAB PÈTÈT NO

1 2 3 4 5

# An nou ale rebati miray la



-Wa te mmande Neyemi, Poukisa ou tris konsa?

Li reponn: -“Kijan poum ta fè pa tris pandan vil mwen an, peyi kote tout gran paran mwen yo antere a tounen yon dezè, kote dife boule tout pòt yo?

Vil sa se te Jerizalèm. Lè wa Nebikadneza te genyen batay la kont Jida te boule tamp lan Bondye ak tout pòt vil la epi kraze miray yo.

Rwa te mande li: -Ki petisyon ou genyen an menm?

Neyemi te priye Bondye avan li reponn li. Li te konnen se poul te pran anpil prekosyon anvanl di sal te vle a. Si sa nan volonte wa a, e si sèvitè jwenn gras nan jew, voye’m nan peyi jida, nan vil kote gran paran mwen yo te antere a poum kapab rebati tamp lan.

Wa pat vle pou Neyemi te ale paske se te gad li l te ye e li te genyen anpil respè pou Neyemi. Pou rezon sa, li te bal aksè pou l te ale. Men lè misye te rive nan vil Jerizalèm nan li pa rakonte okenn moun pou ki rezon li te ale. Yon jou swa, pandan ke la lin lan te byen klere te soti al gade tout miray lavil la, pat genyen pòt pou moun ki t ap viv yo te kapab pwoteje yo de lennmi yo.

Epi li di yo:

-Nou tout wè nan ki sitiyasyon nou ye Jerizalèm nan yon kondisyon ki difisil ann leve poun al rebati lavil la.

-Pèp la te reponn li leve pou rebatei vil la ankò.

Konsa yo te mete men nan travay la. Nan menm moman sa tout chèf nan lòt tribi yo te tande sak tap pase a. Yo pa’ t vle pou Jerizalèm ta retounen yon vil ki fò ankò. Yo tout te vini pou vin defèt travay la.

-Yo te di Neyemi konsa: “ki sa n’ap fè la nou revele nou kont wa”.


34



-Neyemi te
reponn yo: Bondye nan syèl la ap fè
nou rebati vil la ankò.

Lè sanbala te tande sa, kè li te ranpli ak anpil lògèy. Koumanse ap pale mal de Neyemi ansanm ak tout lòt travayè yo.

-Li te byen move lè li t'ap di kisa n'ap fè la?

-Tobiyas menm tap di: sa ki t'ap rebati miray yo, te tankou yon bann moun ki pa genyen pou fè.

Neyemi ansanm ak tout pèp la tap priye Bondye pou li ede yo. Yo te kapab fin bati tout miray la jiska mwaye. Paske pèp la te genyen anpil kouraj pout e travay. Men nan yon ti moman pandan sanbala ak tobiyas te tande yo koumanse repare miray vil Jerizalèm nan, yo koumanse ap takinen mesye yo paske yo vin ap gade  ke yo koumanse ap fèmen pòt yo. Te vin rasanble ak tout lòt vwazinaj yo pou vin atake pèp la.

Lè Neyemi  ak pèp la te tande konplo mesye yo; te mete yo an gad a vou pou veye mesye yo jou ak nwi.

-Piga nou pè yo; ann sonje pwomès Bondye yo epi l'aap batay pou nou.

Aprè sa, anpil nan pèp la te rete ap veye, pandan ke yon lòt gwoup ap rebati miray la. Sa yo ki t'ap travay yo te genyen yon nepe nan senti yo pou kapab defann tèt yo. Te koumanse travay depi nan granm maten jiskaske solèy kouche.

Nan senkant de jou mesye yo te fini ak konstriksyon an. Nan menm moman sa tout lòt nasyon ki nan antouraj nou yo te bese tèt yo byen ba pou y'ap di ke genyen yon Bondye an Izrayèl.

(Nou jwen istwa sa nan liv Neyemi 2; 4 ak 6).


35

# *Ann bati miray*

# PWOTEKSYON AN

Ou ta dwe rete fèm pou ka fè sa ki bon ak sa Bondye vle, pou lè yo moun ta vle pale mal de ou pou montre ou pa vle paske ou se kretyen?

***!Pou rezon sa rebati miray ou yo kounyeya!***

Chache vèsè sa yo epi li yo ansanm pou kapab fè yon fraz.

1 ______________________

Li epi etidye Bib ou a.

2 ______________________

Priye chak jou.

3 ______________________

Chache fè zanmi ta ak lòt kretyen.

A. 1 Tesalonisyen 5:17

B. 1 kor 15:33

C. Jak 1:22

Leson 9

KAYE ELÈV LA

# FANMI PWOMÈS LA

**Vèsè pou aprann:** Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou'm te toujou byen avè ou la. Se senyè ki renmen ou lan ki di sa. Ezayi 54:10.

## *Kisa ki ta pase si Bondye ta di ou...?*

Kijan'w ap santi ou?____________________________

Ki kesyon'w t 'ap poze? __________________________

____________________________________________

____________________________________________

Ak kisa ou ta prale? __________________________

____________________________________________

____________________________________________

(Ekri yon bagay obyen yon objè ou t'ap mete nan malèt ou) Kisaw ta renmen kite? (Ekri sa'w genyen pou w kite a nan poubèl la). Kisa 'w ta renmen sonje plis?____________________

____________________________________________

____________________________________________



MEN SA POU N FÈ POU NOU

# OBEYI

**Abram:** -Sara, Lòt se moman pou nou kite vil sa a.

**Sèvitè 1:** -Ki kote nou prale? Poukisa? Nou menm nou renmen vil sa a.

**Abram:** (ak yon gwo vwa pale ak mesye yo).

-Rasanble tout troupo yo ak manje pou yo. Rasanble tout bagay. Lòt ou menm al chache tout fanmi w ou menm pou ale ak nou kote Bondye pral moutre nou.

**Sèvitè 2:** -Seyè, m ta swete ke Bondye moutre nou yon bon kote.

**Naratè a:** Abram, sara madanm li ak Lot; li pran tout fanmi li yo yo mache pou yo rive nan nouvèl tè a.

(Yo tout te rive ale nan yon lòt vil kise kanaran).

(Abram koumanse mache, gen yon jou Bondye parèt devan li epi li di:)

**Bondye:** -Ak tout desandans ou yo ma ba yo tè sa.

**Abram:** (Ak yon kè kontan) -!mwen pral fè yon lotèl pou ou Bondye! Non sèlman w'ap banm tout tè sa answit tou w'ap banm yon pitit gason.



**Naratè:** -Apre anpil lanne fin pase. Abram te rete tann ak anpil pasyans tout sa Bondye te pwomèt li yo, men li menm ak tout madanm li sara de jou an jou yo te vin pi granmoun e yo p'at genyen pitit.

**Sara:** -Abram, de jou an jou nou vin pi vye granmoun, mwen kwè ke kounyaya nou pap ka genyen pitit.

**Abram:** (Abram anbrase Sara) -Pa enkyete w Sara, nou dwe konfye nou nan Bondye! (Abram fè yon ti elwaye li kote Sara te ye a, Bondye apwoche kote li epi li dil:)

**Bondye:** -Pa twouble, Abram mwen se kreyatè ou e rekonpans ou ap gran anpil.

**Abram:** -Seyè, kijanw pral konpli pwom'es ou si mwen pa genyen pitit?. Ou dim ke tè se pitit mwen yo li prale e mwen pa genyen itit, men kijan sa pral fèt menm?

**Bondye:** -Gade pou wè kounyeya syèl la ansanm ak tout zetwal ki ladan yo; ou ka konte yo? !se menm konsa pitit ou pral ye!.

**Naratè:** -Abram ak sara te rete ap tann pou anpil tan, men o pat genyen pitit . gen yon jou Abram t'ap mache pou kont li epi Bondye te di li konsa:

**Bondye:** -Mwen pral fè yon alyans ak ou kotem pral beni'w anpil. Mwen pap rele'w ankò Abram, men nonw pral chanje an Abraam, paske mwen fe' w vin papa anpil moun. Madanm ou Sarayi pap rele konsa ankò, pral rele sara. Pa oumenm pral genyen anpil nasyon, m pral siyen yon pak ak ou map rete Bondye'w pou tou tan gentan.

**Abraam:** (bese tèt li byen ba)

-Sevre mwen genyen san lanne sou tèt mwen, ou pansem ka gen pitit nan laj sa? Anplis de sa, madanm mwen sara genyen katreven di zan, l'ap kapab genyen pitit nan laj sa?

# Kisa yon kontra ye?

Ranje mo sa yo pou ka konnen kisa sa vle di kontra:

Yon kontra se yon **(kòa)** ______________________________________________.

Bondye **(yesin)** ___________________ yon kontra ak li. kontra Bondye yo posib ak moun ki genyen yon **(onb)** __________________________________ **laresyon** ______________________ ak li.

Kontra Bondye yo **(chema)** ________________________ ak **(pilan)** ______________ moun. Pak Bondye yo moutre **(moulan)** li _____________________________ ak **(tefideli)** ___________________________.

## FÒMASYON YON GRAN NASYON

Ekri V si fraz la vrè epi F si fraz la fo.

1. _____ Bondye te koumanse fè yon kontra ak Abraam.
2. _____ Bondye koumanse yon kontra ak Abraam paske li te yon bon moun.
3. _____ Bondye te di Abraam konsa: “piga w kite tè kote ‘w ye a pou ka beni’w”.
4. _____ Bondye p’at pwomèt Abraam anyen nan pak li te siyen ak li a.
5. _____ Abraam te rete trankil pou tann Bondye te ba li yon pitit.

# Bondye konpli pwomès



Leson 10

KAYE ELÈV LA

# PWOMÈS BONDYE YO POU PÈP LI A

**Vèsè pou aprann:** Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou'm te toujou byen avè ou la. Se senyè ki renmen ou lan ki di sa. (Ezayi 54:10).

## Responsabilite?

Kisa yon responsablite ye? ____________________

____________________

____________________

____________________

Ki responsablite nou dwe konpli?

____________________

____________________

____________________

____________________

Ki responsablite ki genyen moun ki nan laj ou yo? ____________________

____________________

____________________

# NOU MENNM NOU PRAL FÈ SA

Naratè: Moyiz ansanm ak tout pèp izrayèl la leve men yo anlè byen wo devan montay sinayi a. Moyiz te monte al rankontrel ak Bondye. Bondye te relel pandanl te sou montay la.

-Konsa, w'ap di ak pitit izrayèl yo: nou te wè sam te fè ak pèp Ejipsyen yo kijan mwen te leve nou byen wo poum ka fè nou vini jwenn mwen. Kounyeya si nou tande vwa mwen epi gade lwa mwen yo, n 'ap toujou rete yon ti trezò pou mwen sou tout lòt pèp yo ki sou tè a. N'ap toujou pou mwen yon rwayom ak pèp mwen chwazi a. Pawòl sa yo se sa'w pral di ak pèp mwen an.

Nan menm moman sa, Moyiz te desann sou montay la, te reyini ak tout chèf lidè li yo epi di yo tout sa Bondye te di a. E yo menm, pral pale ak pèp la pou raple yo sa Bondye te fè pou yo a. Tout pèp la te rete ap koute epi reponn ansanm:

-N'ap fè tout sa Bondye di nou yo.



Aprè twazyèm jou, yo te sòti sou montay la, te vin genyen anpil gwo kout loray ki t'ap gronde nan syèl la ak gwo kout zèklè tankou gwo kout twonpèt.

Tout pèp la te vin genyen anpil laperèz. Moyiz li menm te sòti kote l te ye a pou l al resevwa Bondye. Bondye te di l konsa:

-Mwen se Letènèl, Bondye ou a kite sòti ak nou nan peyi lejip la anba esklavaj. Piga nou genyen lòt dye devan mwen.

Tout pèp la t 'ap tande pou jan Bondye te konn pale ak yo depi sou montay la. Li te ba yo lwa yo epi pale ak yo sou tout sa yo pa te dwe fè. Konsa tou, li te di yo tout sa yo dwe fè devan je li. Kòm pèp ki apa pou li.



# Men Kontra A

Li Egz 19:4-8, apre sa konplete mo ki manke yo ekri yo nan espas ki vid la.

____________________________________________________

Seyè Jezi te padonnen tout peche ou yo, konsa tou l' ap tann pouw padonen moun ki fèw mal.

Si ou gen yon zanmi ki te fache ak ou, ale epi mande l padon. W'ap wè kijan w ap santiw byen, paske Jezi te padonnen w ou dwe fè menm bagay la tou pou frè parèy ou yo si ou vle rantre nan syèl la.

Leson 34

KAYE ELÈV LA

# PRIYE SE YON FASON POU MANDE PWOTEKSYON

**Vèsè pou aprann:** men kijan pou nou lapriyèpapa nou ki nan syèl la nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l nan syèl la manje nou bezwenl lan ban nou l jodi a padonnen tout sa nou fè ki mal menm jan nou padonnen sa moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba satan. Paske se pou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tou tan ak pou tou tan. Matye 6:9-13.

## Kisa yo genyen ansanm tout objè sa yo? Ekri repons lan nan espas vid yo.

Meyè defans nou





# Yon konparasyon

Nan lapriyè papa nou ki nan syèl lali anseye nou kouman pou nou lapriyè konsa: “pa mete nou nan tantasyon men delivre nou anba sa ki mal ”(Matye 6:13). Jezi te mande Bondye pou li pwoteje kretyen yo de tout sa ki mal nan mond lan? sa vle di Jezi te vle di nan priyè sa ke kretyen yo pa t’ap janm pase anba sa ki mal? Kisa sa vle d i” libere nou anba sa ki mal”? Nan istwa jodi a nou pral wè nan yon lòt okazyon kote Jezi t’ap priye. Kijan yo fè sanble konsa?

# JEZI PRIYE POU DISIP LI YO

-Youn di lòt nan mesye disip yo. Ki kote Jida prale?

-Gen youn ki di: kòm se li ki trezoryè nou genlè li pral fè kèk tranzaksyon?

Aprè Jida fin leve ale, Jezi pale ak disip yo sou sa yo pral jwenn nan wout la. Li pale sou lanmò ak rezirèksyon li.

-Li rakonte yo tout bagay pou pa sispann mete konfyans yo nan li. Yo genyen pou yo buskile nou nan sinagòg; gen kèk moman ka pral rive yo gen pou touye nou paske nou kwè nan Bondye.

Aprè sa Jezi koumanse lapriyè li t’ap di: o papa, lè a rive fè yo wè bèl pouvwa pitit la, pou pitit la ka fè yo wè bèl pouvwa ou a tou.ou te ba l otorite sou tout moun pou l te kapab bay tout ou ba li yo lavi yo ki p’ap janm fini an. Ak tout mond lan mwen montre yo gwo pouvwa ou aak kiyès ou ye nan tout sa ou te mande m fè.

-Genyen kèk ki t’ap di: poukisa li priye tankou se dènye fwa li?

Mesye yo te tande jan Jezi te pale ak Bondye de yo menm.

-Ak tout sa w ban mwen yo mwen montre yo ki moun ou ye. Se pou ou yo ye, ou te ban mwen yo pa mwayen mwen menm yo obeyi lwa w yo. M’ap priye ou pou yo. M pa priye w pou sa ki pa aksepte w yo epi k’ap panse sou bagay nan mond sa. Mwen priye w pou moun sa yo. Papa, nan yon ti tan ankò, m p’ap la nan mond sa, m pral kote w ye a. Men yo menm y’ ap rete nan mond sa pou rezon sa m’ap mande w pou pwoteje yo. Pandanm te avèk yo a mwen te pwoteje yo ak pouvwa w te ban mwen an, sa ki pa t janm kwè nan mwen se te Jida. M pa mande w pou retire yo nan mond lan men se pou w gade yo kont tout zak satan. Mwen pa nan mond sa, menm jan ak yo menm pawòl se verite yo ye; pèmèt

ke pandan yo tande l pou yo lage tout kè yo nan menw.
Mesye disip yo t'ap reflechi anpil sou pawòl sa yo. "mwen pa priye w, sèlman pou yo men ak tout lòt k 'ap kwè nan yo sou pawòl yo pandan y'ap bay mesaj la."
-Yo mande konbyen ki pral kwè si jezi ta ale.
Yon ti apre li fin priye pou disip li yo, te kite kote sa pou ale sou mòn oliv la pou al priye.Konsa, yon gwo sòlda apwoche kote yo ye a pou arete Jezi epi yo mennen l ale.

# Lè' w ap priye

Lè m 'ap priye mwen santi m kontan pou m konnen ke Bondye se espwa mwen.

Lè m' ap priye m di Bondye mèsi pou tout bagay , pou manje li ban mwen ak chan m'ap chante yo.

Lè m' ap priye mwen mande Bondye ak lanmou pou gran papa m ki genyen yon doulè.

Lè m 'ap priye mwen di Bondye ke m renmen l ak tout kè m.

Lè m 'ap priye ak tout kè m, mwen di Bondye mèsi pou konpasyon li.



# PWOTEKSYON BONDYE YO

Panse nan kèk sitiyasyon  ou santi pwoteksyon Bondye.  Ekri youn nan sitiyasyon sa yo epi pataje l ak nou nan  moman sa.

Ekri yon priyè sou pwoteksyon Bondye.

________________________________________

________________________________________

________________________________________

Ou sonje kat leson kite pale nou yo sou lapriyè a.bliye ekri kèk petisyon pèsonèl nan vi w.  ou gentan jwen repons ak petisyon sa yo? Ekri l.

________________________________________

________________________________________

________________________________________

________________________________________

Leson 35

KAYE ELÈV LA

# DAVID, YON WA KI GEN VIKTWA

**Vèsè pou aprann:** Se Senyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi, pa janm vire do ba li. (Det 13:4)

## Resèt pou yon bon Lidè




Ki karakterik ou kwè yon moun ta dwe genyen pou se yon bon lidè? Kijan w ta renmen yonlidè ye? Fè yon resèt sou jan w ta renmen lidè w la ye. Si w vle ou ka pataje l ak lòt moun.

Resèt pou yon bon lidè, ki pa twonpe l:

# Estrateji David La

-Moun peyi jida yo rele yo di: wa sayil mouri.

Nan menm moman sa Jeneral lame sayil la te mete pitit gason l lan wa ”Isbosèt”. Lè pitit sayil la te vin mouri, lidv peyi Izrayèl yo te vin chache David pou vin wa. Kounya pèp la te vin gen yon nouvo wa, men tout moun pat kontan ak nouvèl sa.

Yon jeneral pèp filisten an te di: kounyeya se moman pou n al atake pèp Izrayèla la, se yon nasyon ki fèb men David de jou an jou vin pi djanm !ann al atake l kounyeya!

Lè filisten yo tande ke David se te wa yo te leve chak jou pou al atake l, men kou l tande sa li al chache yon kote ki bon pou abrite l epi pou l lapriyè ak medite pawòl la. Nou konnen ke li ted we pran yon desizyon. Kesyon an se:

Kisa l dwe fè?

Nan menm moman sa David al kote Bondye: al atake filisten yo? W ‘ap renmèt mwen yo?

Bondye di l: ale m’ap lage yo nan menw. Viktwa te tèlman rapid, pèp filisten an pat men gentan pran zidòl yo a. Sa pa ko fini, yo te reyini nan vale refayim pou al fè plan pou retounen vin atake.

David vin tande sa li retounen kote Bondye pou l mande l.

Kisa m dwe fè? Nan menm moman sa Bondye te ba l yon sekrè.

-Pa ale ba’ t pou antoure yo pou ka pran yo nan on anbiskad, lè w tande bri pye yo kouri al atake yo, paske Bondye ap kanpe ak ou pou detwi yo.

David te fè sa Bondye te di l la li menm ansanm ak lame a te rete ak konfyans yo yo nan Bondye. Lè yo vin tande bri pye yo leve al atake yo. (2 samyèl 5).



# ESTRATEJI

Bib la montre nou estratej[i]
ked avid te iilize pou kapab
yon bon wa epi genyen
batay la.

Ekri mesaj la pou pandanw

Mwen __ __ __ __ __ __ __ Bondye
1 6 13 4 11 14 4

kòm lidè __ __ __ __. Mwen mande
8 16 4 9

Bondye __ __ __ __ __ __ __ __ __ li.
3 5 12 4 6 13 17 10 9

M'ap __ __ __ __ __ __ __ __ __ __
13 16 5 15 3 5 12 4 6 13

__ __ __ li.
17 10 9

Kòd

| | | |
|---|---|---|
| 1 A | 7 L | 13 S |
| 2 B | 8 M | 14 T |
| 3 D | 9 N | 15 V |
| 4 E | 10 O | 16 W |
| 5 I | 11 P | 17 Y |
| 6 K | 12 R | 18 Z |

# ESTRATEJI

Lè w dwe pran yon desizyon difisil, kisa w fè pou fè l?

________________________________________

________________________________________

Ou kapab kontinye pandan w se manb klèb vèsè pou mwa. vèsè pou aprann

Mwa ........................................ Det 13:4
Mwa ........................................ Lik 6:27-28
Mwa ........................................ Galat 6:10.

Chache nan Bib la. Ajoute yon zetwal nan sètifika chak elèv ki aprann li byen pandan mwa.

# Klèb vèsè pou mwa

Ou kapab manb klèb vèsv pou mwa. Koupe yo pou kapab etidye pi byen vèsv a. Lè w fini mete yon zetwal nan sètifika sa k di I pi byen an.




Se Senyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi, pa janm vire do ba li. (Det. 13:4

Renmen tout lènmi nou yo fè byen pou moun ki rayi nou yo. (Lik 6:27-28)

Leson 36

KAYE ELÈV LA

## LÈ BONDYE DI “NON”

**Vèsè pou aprann:** Se Senyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi, pa janm vire do ba li. (Det 13:4)

# Gwo “NON”

Gen anpil moun ki pa renmen tande “NON” ou se youn nan yo? Kisa w kwè imoun sa yo ap panse?



# Youm ki di NO ak wa a

A la fen pral gen la pè na wayom mwen an. Lame pèp izrayèl la te bat lame filisten an yo p ‘ap tounen vin atake nou.
-Wa David di konsa! ki kalite bèl kay mwen genyen!

Yon jou pwofèt Natan te ale vizite David li dil konsa: “Gade mwen ap viv nan yon gwo kokenchenn kay, epi lach Bondye a menm rete deyò”. Sa pa bon, mwen kwè ke se pou m ta bati yon kote pou Bondye.
-Natan reponn li fè tout sa ki nan kè w, paske Bondye ap avè w.
Nan menm jou a pandan lannwit Bondye te pale ak Natan, epi li tou leve al pale ak Davidpou l te ba l mesaj sa.
-Bondye te banm yon mesaj pou ou, “ou ta renmen bati yon kay pou mwen? Se vre wi sa fè depi anpil tan depi m pa rete nan yon kote, depi lè m fin retire pèp izrayèl la nan peyi lejip. M’ap mande w yon bagay m te di w pou batik ay pou mwen? Natan kontinye ap pale, li pa vlew bati kay la se youn nan pitit ou yo”.
Après a pwofèt Natan deplase, David al priye Bondye li di: Ou beni m anpil papa Bondye, pa genyen yon lòt Bondye tankouw. Mwen te vle bati yon kay pou ou men ou di se pa mwen menm mèsi gran Bondye m nan. Vrèman ou se Bondye.



# Poukisa Bondye di "NON"?



Li sèn  1 ak 2, epi diskite sou kesyon nou jwen anjonn yo.

## Sèn 1

**Matyas:** -Kisa nou panse de leson di dimanch lan?
**Sèj:**-!Enpòtan anpil! Mwen renmen anpil sou sa nou aprann nan Bib la nan chak klas.
**Matyas:** -!Tande! Mwen pa konnen ke Bondye te konn di non ak sa yo ki jwe yon gwo plas tanou wa David. Mwen te panse I konn di non sèlman ak timoun m jan ak nou men.
**Lewonel**: Anplis de sa; ki mal ki nan sa bati yon kay pou Bondye?
**Matyas:** di non an se li ki pwoblèm nan lewo.
**Sèj:** Bondye anpil fwa li di wi. Men lè I di non se pou yon rezon.
**Matyas:** Wi, menm kan anpil fwa nou pa konn rezon an, Bondye gran moun, li pa gen okenn rezon pou I eksplike nou poukisa vle I konsa.
**Lewonel:** M' panse ke lè Bondye di non se jis li vle epaye nou de pwoblèm. Pou tèt sa li ban nou koumandman I yo ki ka ede nou nan tout sa n' ap fè.

David te vle fè yon bon bagay pou bondye. Poukisa w panse Bondye te voye di I piga I bati kay la?
Epi poukisa David pa t mande Bondye poukisa?
Ou kwè ke nan jounen jodia Bondye konn di non?



## Sèn 2

**Elizabèt:** -Dyana, sa w genyen?
**Dyana:** -!Jodi a mwen pase yon move jounen! mwen pran yon movèz nòt nan egzamen an m pa konn poukisa.
**Lilyana:** -Ou kapab twope' w nan kèk repons.
**Dyana:** !Aaaa! Mwen konnen ke repons mwen yo p'at bon, men m konnen Bondye te ka ede m.
**Lilyana:** Kisa w vle di la?
**Dyana:** Mwen te konnen ke nou ta pral fè yon egzamen. M te menm te pote liv yo lakay mwen pou m te etidye. Sa k rive m t'ap gade yon pwogram nan televizyon an.
**Elizabèt:** Se pou konsa ou pa etidye?
**Dyana:** No… !Men lè m rive nan klas la mwen koumanse lapriyè!

Poukisa nou kwè ke Bondye pa t ede Dyana reponn kesyon yo? Kisa w ta di Dyana si I ta mande w yon konsèy, poukisa Bondye pa t ede I?

# Atake pawòl yo

**Li vèsè a pou ka aprann li byen, kenbe mo kle yo epi ekri yo nan espas vid la.**

1. ___ **Swiv:** a) Fè sa w vle ak lè w vle. b) Ale deèyè yon moun epi imite l. c) Pa fè youn nan say o di w fè yo.

2. ___ **Krent:** a) Wè Bondye ak lanmou epi respè. b) Rete pou kont ou nan nwit. c) Jwen repons w 'ap chache a.

3. ___ **Kòmandman:** a) lwa pou obeyi lè gen pwoblèm. b) Direksyon yon mound we swiv. c) Direksyon ke granmoun dwe swiv.

4. ___ **Kenbe:** a) Tande tout sa yon moun di w. b) Konpli chak jou say o di w.

5. ___ **Sèvi:** a) Poze kesyon. b) Travay ak yon moun.

6. ___ **Fidèl:** a) Glise. b) Rete janm pa chanje. c) Yon kòl.

Leson 37

**KAYE ELÈV LA**

# JWENN SAJÈS BONDYE

**Vèsè pou aprann:** Se Senyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi, pa janm vire do ba li. (Det 13:4)




*Sa mwen pi renmen*

## nan mond lan

Pwofesè Amalya te fini ak yon pwojè de envestigasyon. Li bay tout repons yo nan bon lòd, li mete sa ki pi enpòtan yo apre sa li bay lòt yo. Kounyeya, kesyon yo an dezòd nan men l.

Ou pa ta renmen ede l mete yo nan bon lòd? Ou ka fè l konsa: Mete 1 a 11 aprè sa wa kontinye jiskaske w fini.

| | |
|---|---|
| ____ Lajan | ____ Popilarite |
| ____ Sante | ____ Bat pou pi fò |
| ____ Entelijans | ____ Fè wè |
| ____ Foutbolè | ____ Lavi |
| ____ Jwèt | ____ Sajès |
| ____ Pouvwa | |

# Yon bòn desizyon

**Naratè:** Salomon pitit gason wa David la te vin wa depi a 20 lanne.
Pandan lan nwit Bondye te parèt devan l epi li di l:
-Mande sa w vle m'ap ba ou l.
**Salomon:** Mwen jenn anpil, m pa konnen kijan poum rezoud pwolèm yo, bay sèvitè w la yon bon kè, pou jije pèp ou a poul ka konnen sa ki byen ak mal.
**Naratè:** Moun yo gentan ran kont de sajès salomon an. Gen moun kite vin kotel pou ede yo rezoud kèk pwoblèm.
**Sòlda:** !Nou salye ou wa Salomon! Chapo ba devan w wa, nonm ki gen plis sajès nan tout moun sou latè.!
**Salomon:** Kiyès ki vini jodia vin wèm?
**Sòlda:** De fanm mon wa.
**Salomon:** !Kite yo rantre!
**1 Fanm nan:** -!Ah, wa mwen! Fanm sa ak mwen rete menm kote, mwen akouche pandan ke mwen nan menm ka ak li, après sa li menm tou vin akouche. Yon nan nwit pitit fanm sa mouri, paske lite kouche sou li. Pandan lannwit lan li leve li pran pitit mwen an anba vant mwen pandanm ap dòmi, li pran pitit li a kite mouri a li mete l kote m.
**2 Fanm:** !Non! !Se manti l ap bay, se pitit mwen an ki vivan se pa l la ki mouri!
**1 Fanm:** !Non! Se pitit mwen an ki vivan se pa l la ki mouri.
**Salomon:** !Sòlda, pote pou mwen yon nepe!
**Naratè:** Nan menm moman sa vin genyen yon gwo silans, kijan wa ap fè konnen moun ki t'ap pale verite a?
**Salomon:** Koupe sa an de pati, epi bay chak fanm sa yo yon pati.
**1 Fanm:** !Non, wa mwen an! Bay timoun ki vivan ak fanm lan, pa touye l.
**2 Fanm:** !Ni pou mwen, ni pou ou, separe l!
**Salomon:** Renmeèt bay premye fanm nan timoun ki vivan an, pa touye l; paske se fanm sa ki manman l.
**Naratè:** Nan tout izrayèl te vin konnen jijman sa wa te fè epi yo te vin pè, paske yo t wè kouman Bondye te wa Salomon anpil Sajès.

(Nou jwen istwa sa nan liv 1 wa 3).



# MENM JAN AK GRENN SAB BÒ LANMÈ.

Bondye te bay Salomon anpil lespri, anpil bo konprann ak bon konesans nou pa ka mezire.

1 Wa 4:29.

Bondye te bay Salomon anpil lespri, anpil bo konprann ak bon konesans nou pa ka mezire. (1 wa 4:29). Salomon te ekri anpil pwovèb; anpil ladan yo nou jwenn yo nan liv pwovèb la. Li te konn itilize bon konprann li yo ak pwovèb yon an chak sitiyasyon nan lavi li.chache referans biblik yo kin an pati anba epi jwenn ki kalite pwovèb ki mache ak li.

**Sitiyasyon difisil yo**

____ 1. Pandan w ap achte ak yon bon zanmiw nan yon makèt, li vle vòlè yon bagay epi li mandew sere l pou li nan valiz ou a.

____ 2. Kèk nan zanmiw yo konn repete anpil vye pawòl, paske yo santi yo byen. Ou ta fè menm jan ak yo.

____ 3. Andre di w ke li genyen yon gwo pwoblèm men pa rakonte pèsonn sa. Kounyeya ou santi yon gwo dezi pou rakonte yon moun sa.

____ 4. Ou gen yon pwoblèm lakay ou ansanm ak frè w yo, ou vle al tire revanch, menm Kan gen moun ki diw non.

____ 5. Nan lekòl la genyen ki kon n fawouche lòt ou pa ladan l tou?

## BON KONPRANN SALOMON AN

A. Moun k' ap chache fè tripotay mete tout sekrè deyò. Men, moun ki kenbe pawòl yo kè yo se kòfrefò. Pwov 11:13.

B. Pa janm kite manti sòti nan bouch ou, ni move pawòl, ni mo deplase. Pwov 4:24.

C. Moun sòt toujou konprann sa y 'ap fè a byen. Men moun ki gen bon konprann koute konsèy yo ba yo. Pwov 12:15.

D. Lè w a'p pase yon pov malere nan betiz, se Bondye ki fè l la w'ap derespekte l. Moun ki kontan lè malè rive yon lòt, Bondye ap pini l. pwov 17:5.

E. Pa fè menm chemen ak mechan yo. Pa swiv egzanp moun ki deprave yo. Pwov 4:14.

# SAJÈS, ki kote sa soti?

Nan desen sa yo chache tout vèsè biblik ki kache yo. 2:6 se seyè a ki bay konesans pawòl ki sòti nan bouch li bay lespri ak konprann.
9:10 Lè ou gen krentif pou Bondye, se lè sa ou konmanse gen bon konprann, si ou konnen ki moun Bondye ye, ou gen lespri.
10:23 Lè moun san konprann ap fè sa ki mal, se tankou yon jwèt pou yo. Men, yon moun lespri pran lespril pran plezil nan chache gen bon konprann.
15:33 Lè ou gen krentif pou Bondye, ou déjà konprann anpil bagay. Lè ou soumèt devan Bondye moun va fè lwanj ou.



Leson 38

**KAYE ELÈV LA**

# SALOMON BAY SA KI BON NAN LI

**Vèsè pou aprann:** Se Senyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi, pa janm vire do ba li. (Det 13:4)





# Gran pwojè

-Wa Tir la di konsa: David te kouwone pitit gason li an Salomon pou vin wa

Sou pèp izrayèl la. Li ak mwen se bon zanmi nou ye; m pral voye yon mesaj ba li pou m dil byenveni.

Pandan Salomon fin resevwa lèt sa li te santi li kontan anpil poul te vin zanmi pèp la. Nou kapab ede youn ak lòt.

Salomon tou te voye yon mesaj ba li.

-Ou konnen ke papa mwen david pa t kapab bati yon kay nan non Bondye, akoz lagè li te konn fè, jiskaske li te mete zanmi l yo anba pyel. Kounyeya Bondye ban mwen lapè nan tout kote. Mwen menm m deside m poum batik ay sa pou Bondye daprè sa li te papa mwen David. «Pitit gason ou an, sa m pral mete sou twonn nan, l'ap bati yon kay pou mwen».

Mwen vle itilize bwa sèd ak liban, silvouplè,   pèmèt ki moun ou yo koupe bwa yo pou mwen. M'ap peye valè w di a. moun pam yo ap ede nou, men ou konnen nou pa genyen moun ki konnen kijan pou yo koupe bwa menm jan ak mesye pa w yo.

Nan menm moman sa wa peyi Tir la te reponn:

-Mesye pam yo ap koupe bwa pou ou sèd ak siprè ke ou bezwen epi yap pote jiska lanmè a, nan kote w di a. Epi, lè l rive la   oua separe yo jan w vle a, an retou wap ban mwen sèlman manje pou lakay mwen.

Nan sans sa, wa Iran te bay Salomon tout sa l te genyen bezwen pou konstriksyon an,  an retou li te ba li mil barik ble ak galon lwil doliv kòm manje. Li te fè l konsa pandan anpil lanne.

Salomon te bezwen wòch pou te kapab konstwi kay la. Konsa li te voye nan montay yo 70 mil moun ki pou pote bwa, 80 mil pou koupe bwa ak 3000 chèf. Moun sa yo genyen dwa pou konstwi baz kay la ak chache gwo wòch; kèk nan yo te la pou travay wòch ak travay bwa yo. Genyen kèk lòt travayè kite la pou travay andan tamp lan.

Pandan sèt lanne mesye sa yo te travay pou bati tamp Bondye a.

Lè tamp lan te resi fini, Salomon te reyini ak tout lidè l yo.

-Li di konsa: Kounyeya se moman pou 'n al chache lach Bondye a.

Mesye prèt yo te al chache lach Bondye a pou vin mete l nan kote yo te prepare aa, yon kote ki sen. Cheriben yo, ak tout zèl yo louvri pou kouvri bwat kontra a. P at gen anyen nan bwat kontra sèlman de tab lalwa Moyiz yo, ke yo te mete sou mòn Orèb la, kote Bondye te siyen yon kontra ak pèp Izrayèl la lè yo te soti nan peyi lejip la.

Pandan prèt yo soti nan lye sen an, nyaj Bondye yo te kouvri tout tamp lan. Yo pa te kapab fini ak sèvis la, paske la glwa Bondye te ranpli tout kote.

Salomon te di konsa:

-Bondye di li te rete nan fè nwa, men mwen  bati yon kote pou l rete, yon kote pou l rete pou toutan.

Nan menm moman sa li di moun kite la yo:

-Fè lwanj pou Bondye, pèp Izrayèl la kite pwomèt papa mwen David sa ki rive jounen jodia.

(Nou jwen Istwa sa nan liv 1 wa 5 epi 8 la)

# KADO MWEN POU BONDYE

! Gade kijan  kado sa  yo bèl! Ou ta renmen bay Bondye yo? Pou tèt sa fè yon lis tout sa w ta renmen ba li  (mande pwofesè w la pou l ede 'w)



Leson 39

KAYE ELÈV LA

# SALOMON KITE BONDYE

**Vèsè pou aprann:** Se Senyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi, pa janm vire do ba li. (Det 13:4)

## ¡Sa danje pou wè!

Ki bagay ou wè nan desen aba ki kapab danje pou bato a ? Ou dwe veye ak gwo wòch ansanm ak lanm lanmè a. Kounyeya panse kèk bagay ki ka danje pou nou menm tankou kretyen, ekri yo nan wòch oubyen lanm lanmè a.



# Pwoblèm nan palè a



Nou pral wè sa kite rive nan vi wa Salomon.

''Yon jou nou te tande sa yon mou di se yon verite sa nou tande a''. Se yon nonm ki saj  epi rich.

Nan anpil kote nan mond lan te vini pou vin vizite l. Wa, renn, moun enpòtan, yo tout t' ap chache konsèy nan men l; li te konn reponn kesyon ke pèsonn moun p'at janm ka reponn.

Pwoblèm ki vin rive li te vin gen anpil repitasyon, koumanse ap bliye koumandman Bondye yo, te vin rive marye ak yon fanm yon lòt peyi san l pa rann kont ke kè t'ap vin pou bann fo dye payen yo.

Salomon pa't yon nonm kite obeyi Bondye; li te fè anpil alyans ak pèp payen yo.

Te vin menm aksepte marye ak fanm moun peyi sa yo, te vin rive marye ak 700 fanm kay ak 300 ti fanm soukote (sa ki pa't genyen gwo tit).

Lè wa Salomon te vin rive gran moun, fanm li yo te konvenk li pou te vin adore fo dye pa yo a; li menm pou l te kapab fè yo plèzi te aksepte menm vin bati lotèl pou te vin lofri sakrifis pou fo dye yo. Salomon te fè  bagay ki mal devan je Bondye. Menm jan ak papa l David te vin rive fè menm jan nan dezobeyi lwa Bondye yo. Bondye te vin fache paske kè l te separe de Bondye.

Nan plizyè moman Bondye te parèt devan l pou l te dil piga li mete ajenou devan fo  dye yo, li te dezobeyi e li p'at janm fè ka  ak vwa Bondye. Bondye te vin rive fache kont li.

Bondye te di Salomon konsa: «Puiske se konsa w aji, ou pa janm tande sa m di w yo, m'ap retire w sou twonn nan e m'ap renmèt li bay pitit gason w lan. Menm p'ap fè l kounya akoz David papa w.

Lapè kite genyen ant pèp yo p'ap genyen l ankò. Anpil lòt nasyon koumanse ap vin fè lagè ak Salomon, menm pwòp moun pa l yo vin leve kont li. Youn nan yo se te  Jewoboam.

Salomon te mete l antèt tout travayè sa kite genyen responsabilite pou te separe mi lavil yo. Yon jou pandan Jewoboam te soti lavil Jerizalèm nan, pwofèt Aiyas te rankontre l nan wout la. Li te kouvri tout tèt li, yo de a te pou kont yo nan wout la. Pwofèt te pran gwo wòb la epi li te dechire l an douz moso epi li di jewoboam konsa, paske Bondye di: Konsa m pral kraze twonn nan nan men salomon epi m'ap renmèt li bay dis tribi Izrayèl yo. L'ap vin rete ak yon tribi pou lanmou David, sèvitè m ak lanmou pou Jerizalèm, paske li kite m pou l mete ajenou devan fo dye, e li pa mache nan wout m te di l la, li pa fè sa ki dwat devan m. l'ap kapab wa nan peyi Izrayèl si l prete atansyon ak sa m te di l yo, mache dwat devanm epi fè sa m dil fè, menm jan David te fè a. m'ap toujou ak li.

Pandan wa Salomon tande touit bagay sa yo li te vle touye Jewoboam, li koulri ale nan peyi lejip epi li rete la jiskaske wa Salomon mouri; aprè sa li te retounen Jerizalèm.

Pandan pèp Izrayèl yo te tande Jewoboam te retounen, yo te nonmen'l wa sou yo; sèlman tribi Jida kite pou Roboam.

Li te reyini ak lanme Jida pou l goumen ak Jewoboam, li te vle pran tout tè papa l te genyen yo.

Men Bondye te di Samayas, sèvitv Bondye: pale ak Roboam di li  Bondye di pa ale, pa al goumen ak pitit Izrayèl yo. Retounen lakay nou, paske travay sa se pou mwen li ye. Lè mesye yo te tande jan Bondye te pale ak yo, yo tout te retounen lakay yo, nan jan Bondye te di yo a.

Salomon te pase 40 lanne ap dirije pèp izrayèl la. Wayòm li an te vin arive divize paske pa t janm genyen lapè. Kounya pitit gason l lan Roboam pa genyen anpil moun l'ap dirije; !Si sèlman yo ta sonje pwovèb Salomon te ekri a nonm ki fidèl la ap jwenn yon bann benediksyon! Pwov 28:20.

(1 Wa 11 e 12).




# Bay enpòtans ak sa Bondye di yo



Magarita te aksepte Jezi kòm sovè l nan vi l le l te nan twazyèm ane fondamantal. Te konn li Bib li, priye, te konn ale legliz epi itilize talan l yo pou sèvis Bondye. Lè l te rive nan sizyèm ane fondamantal, li vin al rete yon lòt kote epi li vin rete yon lòt kote, epi vin genyen yon zanmi yo rele Migèl. Magalita te panse si l ta vin zanmi l l'ap kapab pale ak li de Bib la; ak tout aktivite nan legliz epi de Jezi.

Men Magalita le koumanse ap tande pawòl migèl yo, li te dil ke legliz se pou moun ki granmoun, Magalita te koumanse kwè nan sa. Li pa priye ankò li Bib sèlman lè l pral legliz. Li te koumanse ap fè tout sa Migèl te konseye l yo.

Kisa kite vin pase ak magalita epi poukisa?

Kisa w panse sou sa l te fè a?

Pou li, Migèl te vin yon moun kite pi enpòtan pase Bondye. Menm kan li te konn asiste chak dimanch, li pa adore l ni renmen Bondye.

Lè l vin rive moman pou l antre nan klas segondè, Magalita ak Migèl vin separe chak moun al nan yon lekòl diferan. Nan klas anglè a magalita vin rankontre ak kèk nouvo zanmi kretyen li te konnen nan kan pandan l te piti.

Yon jou nan aprè midi yo te envite l pou al flannen ak yo. Yo montre menm lanmou yo genyen youn pou lòt la ak magalita; lè sa yo te vin wè ke li pa jwe menm jan ak yo. Yo te vin dekouvri li pa menm jan ak yo.




Kijan Maglita te santi l ak nouvo zanmi sa yo?

Poukisa Maglita te vin diferan?



Leson 40

KAYE ELÈV LA

## ANVAN YON OBSTAK

**Vèsè pou aprann:** Nou menm k ap koute m la, men sa m'ap di nou renmen tout lènmi nou yo fè byen pou moun ki rayi nou yo mande benediksyon pou moun k'ap ban nou madichon. Lapriyè pou moun k'ap maltrete nou (Lik 6:27-28).

# MOUN K'AP REFLECHI YO

Moun reflechi anpil pou bezwen yo, sou sa ki piti ak gwo. Ekri tout prewokipasyonw yo nan chemizèt ki gen desen yo "moun k'ap reflechi yo."











# !PA BAY TET OU PWOBLEM!

Jezi di: M'ap di w yon bagay piga nou bay tèt ou pwoblèm sou sa n pral manje; sou bagay n 'ap mete sou ou.

Mesye disip yo tonbe gade youn ak lòt yo t'ap di: Kisa ki prewokipe nou? Nou genyen anpil rezon pou n bay tèt nou pwoblèm, nou renonse ak travay nou pou vin swiv li. Fanmi nou bezwen manje pou yo manje, rad ak yon kote pou yo rete. Kiyès k 'ap pran swen yo pandan nou menm ap swiv Jezi a?

Jezi te byen konnen kisa ki t'ap bay mesye disip li yo pwoblèm se sak fè l te di piga yo prewokipe yo. Li te vle fè yo santi ke Bondye ap pran swen yo depi yo konfye yo nan li.

Jezi kontinye ak mesaj li a: Nou pa konnen ke vi a pi enpòtan pase manje, kò a pi enpòtan pase rad?.

Gade zwazo nan syèl yo, yo pa ni plante ni rekòlte men Bondye pran swen yo. Nou pa genyen plis valè Pase yo?

Kiyès ki kapab menm kan n'ap bay tèt nou pwoblèm? Poukisa n'ap kraze tèt nou pou rad n'ap mete? Gade bèt nan bwa yo pou n wè, menm Salomon pa janm byen menm jan ak yo. Si zèb nan bwa yo grandi demen yo mete yo anba dife, Bondye fè l konsa, e nou menm li pap fè plis pou nou, bann moun ki manke la fwa? Pa bay tèt nou pwoblèm. Li di yo: Kisa n'ap manje, kisa n'ap bwè oubyen sa n'ap mete sou nou? Moun ki pa konnen Bondye yo se bagay sa yo y'ap chache, men papa nou ki anwo nan syèl la konnen tout sa nou genyen bezwen. Men m'ap di chache an premye wayòm ak jistis Bondye tout lòt bagay yo ap vini aprè.

Konsa, pa bay tèt ou pwoblèm pou demen, paske demen genyen pwòp benediksyon pa l.

Kèk lanne aprè, Pòl te vin konvèti youn nan moun ki t'ap mache ak Jezi nan jan li te konn anseye. Pandan li te nan prizon li te ekri yon lèt bay zanmi l yo nan vil Filip. Li p 'ap konnen si l p'ap mouri nan prizon an, men li te ekri ak zanmi l yo pou te fè yo konnen se pou yo toujou konfye yo nan Bondye nenpòt jan sa ta ye.

Li te ekri ''mwen konnen sa ki rele viv nan mizè, mwen konnen sa kirele viv nan richès''

Kit mwen pa genyen ase kit mwen genyen plis pase sa m bezwen. Nan tout sikonstans mwen aprann kontante tèt mwen. Paske Bondye ki rich anpil ap banm tout sa m bezwen nan Jezikri. (Matye 6 ak Filipye 4).



# Kesyon pou repase

Reponn kesyon sa yo sou leson an

1. Kisa Jezi te di pou y opa fè?

   ______________________________

2. Kisa ki t'ap bay disip yo pwoblèm?

   ______________________________

   ______________________________

   ______________________________

3. Jezi te di disip yo key o te manke

   ______________________________

4. Kisa Jezi te mande Disip yo pou yo chache anvan.

   ______________________________

5. Ki kote pòl te ye lè l te ekri mesye zanmi l yo nan vil Filip?

   ______________________________

6. Kisa pòl te vle zanmi l yo ta renmen konnen?

   ______________________________

   ______________________________

# Bwat trezò a

Ekri nan bwat trezò nan mond lan tout sa nou p'ap jwenn nan Syèl la, epi ekri nan trezò kay Bondye a tout sa n'ap jwenn.



## !Bat pou w genyen!

Genyen yon bagay ki  ba ou pwoblèm? Panse sou sa l ye epi pale ak Bondye sou sa.

Leson 41

KAYE ELÈV LA

# SE POU' N RENMEN SA KI PA RENMEN'N YO

**Vèsè pou aprann:** Nou menm k ap koute m la, men sa m'ap di nou renmen tout lènmi nou yo fè byen pou moun ki rayi nou yo mande benediksyon pou moun k'ap ban nou madichon. Lapriyè pou moun k'ap maltrete nou (Lik 6:27-28).

## Ou ta renmen yon moun konsa?

Poukisa w kwè  y'ap chache moun sa ? panse sou sa epi ekri yo nan espas nou jwen anba foto yo. Aprè sa ekri tout sa yo fè w san w pa di kiyès, gade l tankou lenmi w.

### !YA' CHÈCHE!



Y'ap chèche Pyè, nonm danje a

### !YA' CHÈCHE!



Se vwazen grinyonn

### !YA' CHÈCHE!



### !YA' CHÈCHE!

# Yon repons ki kontrè

Pandan ke Jezi koumanse ap preche epi geri moun yo, kèk nan lidè relijye yo p'ap janm dakò nan janl t'ap pale ak sa l t'ap fè. Konsa lit e vin pi gwo lennmi pou yo epi fè plan pou touye l.

Pandan yon lannwit li te ale nan jaden Jetsemani pou al lapriyè. Lè l retounen te jwenn mesye disip li yo t'ap dòmi.

Jezi di: ''!Leve non, ann ale lennmi yo ap vini!''

Nan yon ti tan aprè, yon bann moun te vini ak nepe epi baton. Jida te apwoche l li di: Mèt.

Apre sa li te ba l yon bo. Se fason sa yo te konn salye zanmi yo. Li te fè sa poul te ka montre Jezi epi renmèt mèt li a.

!Sa tèrib! Youn nan disip di: Youn nan disip li yo te vin tounen lennmi l, men Jezi te di: Zanmim poukisa w vini?

Nan menm kote sa mesye yo arete Jezi, mesye disip yo p'at ko ka konnen sa k t'ap pase a yo menm te vle defann li. Pyè te rale koute l epi koupe zòrèy sèvitè prèt la.

Se pa sa Jezi te vle pou te pase; li te byen konnen misyon l, li te konnen ke l te gen pou l te pase konsa epi mouri, men l te vle pwoteje disip li yo. "Mete nepe w la nan plas li, sa k touye pa



nepe ak nepe l' ap mouri''.

Konsa ou konnen ke m pa ta ka priye papa Bondye pou ta ban mwen douz lejyon zanj? kijan ' w konprann pou sa ki ekri nan liv lalwa fòk sa ta pase? aprè sa, Jezi te fè yon bagay ki te genyen anpil tèrib.

Te pran zòrèy la epi kole l. nan menm tan sa li te di lennmi l yo konsa. Kijan w ta kwè yon vòlè ta vini ak nepe epi bwa pou vin pran m? Chak jou mwen chita ak nou, m'ap anseye nan tamp lan, nou pa janm fè m anyen. Tout bagay sa yo ap pase pou sa ki ekri nan liv pwofèt yo ka konpli.

Tout mesye disip li yo te kite l pou kont li paske yo te vin pè sa k te rive a, Tout te leve yo ale. Nan pita yo te vin konprann sou sa Jezi te di yo a pandan lannwit lan, "renmen lennmi nou".

(Nou jwen istwa sa nan Matye 5, 26 ak Lik 22)



# Kisa sa vle di?

Men sa m'ap di nou: Renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou. Matye 5:44.

**Lènmi:** Yon moun, gwoup oubyen peyi ki gen movè dezi ak aktitid movèz sou yon lòt moun, epi renmen mal pou li.

**Pitye:** Konpasyon ki pouse w pou ede epi padone. Fè byen ak yon lènmi, konsa ki pi gran pase sa w ap tann.

# KOMANTÈ BIBLIK

## *Pou elèv ki nan klas primè yo*

Nan Matye 5:38-48 Jezi te anseye npou pou nou renmen Lènmi nou yo. Sèlsi si nou renmen Bondye nou ka ekperimante tip lanmou sa.

Ki lanmou Bondye ap pale ak nou? pa sèlman montre santiman, men aksyon. Sa pa vle di lènmi nou yo pral fè nou plèzi men nou kapab padone sa ki fè nou mal yo.

Pou nou ka genyen tip lanmou sa nou bezwen genyen lanmou Bondye nan vi nou; nou kapab soufri menm lè nou renmen konsa, men lanmou nou pou y opa dwe chanje, se lanmou sa ki fè Bondye kontan. Li posib pou lènmi n yo pa chanje, e pi nou pa resevwa menm lanmou n'ap bay la, nan fason sa se obeyi n'ap obeyi Bondye.

# MESAJ SOU TELEFÒN

Itilize nimewo sa yo nou jwen sou telefòn sa, ekri nan espas vid yo, anlè chak nimewo lèt ki koresponn, konsa n'ap vin fòme mo yo. Pou fini, w'ap jwenn yon vèsè biblik Lik 6:27-28. Deja gen kèk mo ki ekri, pran yo kòm egzanp.

| | | |
|---|---|---|
| 1 | ABC 2 | DEF 3 |
| GHI 4 | JKL 5 | MNO 6 |
| PQRS 7 | TUV 8 | XYZ 9 |

RENMEN _ _ _ _   _ _ _ _ _   _ _ _   _ _. FE BYEN _ _ _
8 6 8 8   5 3 6 6 4   6 6 8   9 6   7 6 8

_ _ _ _   _ _   _ _ _ _   _ _ _. MANDE BENEDIKSYON
6 6 8 6   5 4   7 2 9 4   6 6 8

_ _ _   _ _ _ _   _'_ _   _ _ _   _ _ _   _ _ _ _ _ _ _ _.
7 6 8   6 6 8 6   5 2 7   2 2 6   6 6 8   6 2 3 4 2 4 6 6

LAPRIYÈ _ _ _   _ _ _ _   _'_ _   _ _ _ _ _ _ _ _   _ _ _.
7 6 8   6 6 8 6   5 2 7   6 2 5 8 7 3 8 3   6 6 8

Leson 42

KAYE ELÈV LA

# KONPASYON DE JEZI

**Vèsè pou aprann:** Nou menm k ap koute m la, men sa m'ap di nou renmen tout lènmi nou yo fè byen pou moun ki rayi nou yo mande benediksyon pou moun k'ap ban nou madichon. Lapriyè pou moun k'ap maltrete nou (Lik 6:27-28).

## Ki moun ki se?

Fè yon lign pou jwenn moun ki genyen an.














# Disip yo te grangou

Jezi t'ap pase nan mitan jaden an yon jou samdi sa vle di jou repo a; disip li yo te grangou epi te koumanse keyi bagay pou yo te manje.

Nan menm moman sa farizye yo ki t'ap swiv Jezi yo pou te ka pran nan yon konplo, ak lide pou te nwil, kote jou sa pa diferan de lòt jou yo.

-Youn nan farizye yo te di: Gade! Men Jezi.

-Yon lòt te mande, sa y 'ap fè la?

Mesye farizye yo te avanse, !An an an! Disip ou yo ap keyi ble pou manje nan jou repo a. !N'ap arete w!

Farizye yo te avanse byen rapid kote Jezi te ye a, youn nan yo te di:

-Disip ou yo ap fè yon bagay yo pa dakò nan lalwa nan jou repo a, Jezi te konnen ke sa pa t okipe farizye yo si mesye yo te grangou. Sa p 'at nwi yo ak jan disip yo te santi yo. Sèlman sa kite enpòtan se te fè sa lalwa te mande a. Jezi te raple yo sa David te fè, lè t'ap kouri pou wa Sayil:



-Nou pa konen kisa David te fè, lè li menm ansanm ak zanmil yo te grangou a? Kijan yo te rantre nan tamp seyè a epi manje pen ke yo p’ at dwe manje  sèlman prèt yo kite dwe fè sa? Nou pa li nan liv la lwa kisa prèt yo te fè nan jou repo a epi pa gen moun ki di yo koupab? Si nou te konnen kisa sa vle di’’ se Mizerikòd mwen vle se pa sakrifis’’ nou pa t’ap kondane sa ki inosan yo, pake pitit Bondye a se mèt repo a.
Farizyen yo te sispaann diskite ak Jezi, men li te konnen ke yo p at janm chanje fason yo panse, yo te kontinye ap chache yon bagay nan li pou te kapab detwi l.

(nou jwen li nan Matye 7 ak 12)



## Kisa sa vle di?

Pa jije moun pou Bondye pa jije nou, paske Bondye va jije nou menm jan nou jije lòt yo. Mezi nou sèvi pou mezire lòt  se li menm menm Bondye va sèvi pou mezire nou tou. Matye 7:1-2.

**Kondane:**

a. Vle di yon moun ki twonpe l  oubyen yon bagay kip a bon.
b. Akize, deklare l koupab.
c. Bay chatiman oba l santans.

**Jije:**

a. Yon moun ki   genyen   konesans pou   bay opinyonl sou yon bagay.
b. Akize, declare l koupab.
c. Panse o  sa’ w panse.

# KOMANTE BIBLIK POU ELEV PRIME YO

## Matye 7:1-5

Jezi te site yon bagay ki enpòtan anil: ‘‘Pa jije moun, pou yo pa jije nou’’. Kle pou nou konprann sa Jezi te di a li nan pawòl li yo: ‘‘Paske mezi nou sèvi pou mezire lòt yo se li menm menm yo va sèvi pou mezire nou tou’’. Vèsè 2 di ke moun va jije. Sa ki enpòtan an se kalite jijman moun yo fè a.

Jezite anseye nou pou nou sèvi ak lòt yo menm jan nou ta renmen pou yo sèvi ak nou. Si yon moun jije yon lòt yo ak kè di, se konsa tou y ova jije li ak kè di.

Sa pa vle di ke moun nan pa ka ekri pwòp règ li. Sa vle di ke no upa dwe ap chèche erè lòt yo. Nan ki fason nou ka sispann jije lòt yo jan Jezi te avèti nou an?

Sonje ke Bondye te padone nou lè nou pat merite sa. Li te voye Jezi pou sove nou, se pa pou l te kondane nou. Bondye bon epi ede sa yo ki nan bezwen. Li se yon Bondye ki konn padone. Se pou w chèche gen bon konprann lè w'ap pran desizyon yo.

Sonje, menm jan ou jije lòt yo se pral fason yo pral jije w.

## !Ekri yon Telegram!

Remèsye Bondye paske li te voye sèl pitit li a vin mouri pou sove nou.

Leson 43

KAYE ELÈV LA

# N'AP SWIV TRAS JEZI YO

**Vèsè pou aprann:** Nou menm k ap koute m la, men sa m'ap di nou renmen tout lènmi nou yo fè byen pou moun ki rayi nou yo mande benediksyon pou moun k'ap ban nou madichon. Lapriyè pou moun k'ap maltrete nou (Lik 6:27-28).

## SIYAL

Ou renmen lè yon moun toujou di w tout sa w dwe fè? Ou konnen yon timoun oubyen yon moun kip a vle obeyi sa yo di l fè? Gade byen siyal sa yo nou jwenn nan paj sa. Kisa ki ta pase si yon moun pa bay yo enpòtans?





# ¡Ou kwè sa!

Mande ak tout elèv yo pou yo swiv istwa sa pandan ou menm ap li l la, oubyen mande pou yo lil pa gwoup. Jezi te pase anpil tan ap anseye ak disip li yo ansanm ak ban foul moun yo ki t'ap tande l yo. Li te di yo pa bay tèt nou pwoblèm sou sa n'ap manje ak rad n'ap mete sou nou. Li te raple yo ke Bondye renmen yo e li ap souple sout sa yo bezwen. Anplis de sa li te di yo: Renmen lènnmi yo; si y opa renmen sa kip a vle wè yo a, y opa pi bon pase sa yo kip a renmen Bondye a. Li mande y opa jije lòt san rezon. Li te di yo gade anvan sou sa ki nan je nou anvann wè sa ki nan je pwochen n yo. Jezi te konnen ke moun yo t'ap bliye tout bagay sa yo. Konsa li te rakonte yo istwa sa.

"Nenpòt nan nou, ki tande pawòl sa yo epi ki mete yo an pratik mwen konpare l ak yon nonm pridan ki batik ay li sou anpil wòch. Lapli tonde, rivyè desann, van souple men kay sa pa janm tonbe paske li te byen bati sou wòch la. Men sa yo ki tande pawòl sa epi kip a mete yo an pratik, m'ap konpare l ak yon nonm kip a pridan, ki batik ay li a sou sab la; lapli tonbe, rivyè desann, van vante, men ki frape anpil kay sa epi li tonbe, dega l fè gran anpil".

# *Si jezi ta rakonte istwa nan jounen jodia ou t'ap di menm bagay la?*






De moun ki ap pale konsa:

-Jan di: Bonjou, Ougo, kijan w ye?

-Ougo reponn: Mwen byen.

-Jan di: Ou sonje kay mwen te genyen plan pou m te bati a? n finalman mwen jwenn yon bon fondman, yon wòk byen solid, mwen te travay anpil ladan l kounya mwen pral viv ladan l la.

-Ougo reponn: Se byen sa, mwen menm tou m te genyen yon kay m t'ap bat m te jwenn yon tè kite gen anpil sab sou li kote sa te byen fasil pou m te bati. Mwen pral viv ladan l nan jou yo la, menm kanm pa t pran anpil tan poum te bati sam konnen  mwen panse sa te byen anpil.

-Jan di konsa menm, mwen ta swete ke kay ou a reziste anba gwo van ak lapli yo. Ougo kontinye pale li t'ap di ant mwen ak ou genyen yon gwo diferans, mwen renmen bagay ki fèt byen rapid. Kay la byen monte e mwen kwè ke tout bagay bon. Na re wè yon lòt fwa zanmi m.

Li leve l ale. Tou lè de mesye yo fin bati kay yo a, epi al viv ladan l. Nan yon titan ankò yon gwo van leve lapli tonbe, van soufle, dlo desann.

Kay Jan te kenbe anba tout gwo tanpèt sa  paske lit e bati sou wòch la. Men pa Ougo a te kraze.

Nan istwa sa, Jesi te vle fè konnen ak tout sa yo ki t'ap tande l la ke l te enpòtan anpil pou renmen Bondye epi bati vi yo sou pawòl li yo. Si yo pa fè sa y opa p santi yo byen. Men lè moman difisil la vini l'ap kraze menm jan ak kay Ougo a. Lè Jezi te fin pale konsa, anpil moun te renmen fason l te pale a paske li t'ap anseye  tankou yon moun ki genyen otorite, pa menm jan ak mesye eskrib yo.

(Istwa sa nou jwen li nan Matye 7).

# KOMANTÈ BIBLIK POU TIMOUN KI NAN KLAS PRIMÈ YO

**Matye 7:24-29**

Nou tout genyen pwoblèm men Jezi te di ak disip li yo yon bon sekrè. Sa ki koute sa Jezi te di a gen anpil sajès kisa kip a tande l la. Anpil pa renmen fè sa lòt moun di yo fè, lè yo fè sa lide yo di yo fè komèt anpil erè. Pou tèt sa, nou tout bezwen konnen ke yon kay bezwen yon bon fondman poul ka rete janm poul pa tonbe. Jezi te konpare sa kip a tande l yo tankou nonm sa ki batikay la sou sab la, pou yon tan li wè l byen; Men kan pwoblèm yo vini l'ap tonbe. Li fè konnen sa kip a tande l yo fè yon gwo erè. Li se fondman epi li se wòk la.

Ak sa k pa vle tande l, ou kapab wè pou yon ti tan tout bagay ap mache byen; men genyen yon moman nan mitan pwoblvm nan yo pap ka reziste. Moun ki obeyi Jezi yo gen pwobèm tou, men yo gen vale pou di key o gen vale ke Jezi ap tande yo paske yo fè sa ki byen.

Nan espas vid sa desine yon kay kote ke Kris la ki baz la. Ak yon lòt kote sou sab la.



KAYE ELÈV LA

# KONPASYON POU SA KI NAN BEZWEN YO

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. (Galat 6:10)

**Mil ki mouri ak grangou**

**Kondwi timoun**

Yon sant k'ap ede moun nan bay manje, rad ak jwèt.

Viktim pa mwayen inondasyon

## Poukisa okenn moun pa fè anyen?

Kisa sa vle di konpasyon? itilize kòd sa yo pou ka jwenn kisa sa vle di mo konpasyon?

__ __ __ __ __ __   __ __ __ __ __ __ __ __ __
36 10 28 26 10 28   38 18 12 18 52 2 26 2 28

__ __ __   __ __ __   __ __ __   __ __ __ __.
32 30 42   10 8 10   50 30 28   26 30 42 28

| A | B | C | D | E | F | G | H | I | J | K | L | M | N | O | P | Q | R | S | T | U | V | W | X | Y | Z |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 4 | 6 | 8 | 10 | 12 | 14 | 16 | 18 | 20 | 22 | 24 | 26 | 28 | 30 | 32 | 34 | 36 | 38 | 40 | 42 | 44 | 46 | 48 | 50 | 52 |

# Montre w genyen Konpasyon Pou lòt moun



Gade byen chak desen pwofesè a di w yo. Reponn a chak kesyon yo di w yo, fini ak istwa nan kijan w kapab travay ansanm ak Bondye pou montre konpasyon w.

## Istwa 1

Te genyen yon timoun nan klas la kite itilize yon kas poul te ka tande, sa tee del anpil, te konn itilize yon linèt poul te wè. kèk timoun nan klas la te konn ap fawouche l. sou fason l pale.

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

______________________________________________

## Istwa 2

Papa ti fi sa ki se vwazin mwen an pèdi travay li. E li genyen yon lòt ti sè.





## Istwa 2

Yon fanm nan vwazinaj la t'ap viv pou kont li. Li pa konn soti ale nan lari. Yon enfimyè te konn ale lakay li yon fwa chak senmenn pou ale wè kijan l ye. Yon jou, li te chita deyò lakay li a t'ap gade moun k'ap pase. Pafwa li te konn rele sou timoun kite konn rantre nan jaden an li an.

# Kisa m ka fè pou ou?



!Tòk, Tòk, Tòk!

Elize te kouri leve al gade ki moun ki t'ap frape pòt li a, menm moman sa li wè fanm nan, se te youn nan fanm kite elèv li yo.

-Elize te di: Sak genyen?

-Fanm nan di: Sèvitè w mari m, mouri, ou te konnen se te yon nonm kite gen anpil krent pou Bondye men yo vini pou pran de pitit gason m yo pou y al sèvi tankou esklav.

Marim te dwe yon bann kòb anvan l mouri. La lwa di yon moun ki dwe yon bann kòb kapab pran fanmi l tankou esklav, Elize te konnen fanm nan pat gen lajan.

Elize te di kisa m ka pou ou, kisaw genyen lakay ou.

Li te reponn sèvant ou an pa gen anyen lakay li, sèlman yon ti po lwil.

Ale nan tout vwazinaj la mande prete veso, epi rantre nan kay ou ansanm ak pitit ou yo ranpli tout veso yo lwil, fanm nan t'ap di konsa kijan fè yon ti tak lwil pral fè plen tout veso sa yo?

Ti mesyem yo Elize di konsa ann al prete veso nan tout vwazinaj la veso poun ka mete lwil, nan menm moman sa yo ale nan tout vwazinaj la al mande prete.

Aprè ke fanm nan ak de pitit li yo fin jwenn tout sa yo te bezwen, yo fèmen pòt kay la, epi koumanse vide lwil.

Youn ap bay, youn ap mete la.

Madanm nan te di yo lè sa plen mete l la pou pa nwi nou.

Mesye yo te wè kay la te plen ak veso vid.

Yo t'ap di: Nou pa ka konprann yon titak lwil nan yon po kapab ranpli tout veso sa yo. Sèlman obeyi enstriksyon manman yo.

Youn nan mesye yo te lonje yon veso vid ale epi li t'ap gade kijan l t'ap ranpli yo, pandan l fin plen lòt ti jennonm nan te pote ba l yon veso. Konsa yo te ranpli youn apre lòt.

Fanm nan te di pote banm yon lòt, mesye yo di pa genyen ankò. Nan menm kote sa ti lwil la fini, li te leve ale kote Elize, li te di l konsa nou ranpli tout nèt, kounya kisa m dwe fè?

Ale, vann lwil epi peye tout dèt ou yo, ou menm ak tout pitit ou yo ap viv de sa ki rete a. Fanm nan te vann li nan moman chvf la te vin pran mesye yo tankou esklav, fanm nan te peye tout dèt yo, te menm rete lajan poul te viv ansanm ak tout de pitit li yo.



Leson 45

KAYE ELÈV LA

# KONPASYON POU SA KI KRETYEN YO

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. (Galat 6:10)

Gade desen sa byen epi mete yon wonn nan chak moun ki bezwen konpasyon yo.

Konpasyon




*Kiyès ki bezwen konpasyon?*

!Elize! !Byenvini yon lòt fwa!
-Fanm la vil sinèm nan te di konsa: Vini non, mwen genyen yon bagay poum di w. Li te mennen l nan chanm li te prepare pou li a. Elize te rete ak fanmi sa plizyè fwa.
-Gade, mwen konnen ke nonm sa toujou konn pase la, se yon sen sèvitè Bondye vivan li ye. M' ap priye w ann fè yon ti chanm pou li, n'ap mete yon kabanm, yon tab, yon chèz ak yon lanp pou lè 'l antre pou l ka rete la. Nan menm moman sa mari a chache moun pou bati kay la.
Yon fanm nan te di mari l konsa:
Nenpòt moman li vini lakay nou, chanm li ap toujou la.
Elize te panse ak fanm nan lan nan jan l konn sèvi ak li, li te vle ba l yon bagay an retou. Nan moman sa li te rele sèvitè l la jeyazi.
-Li di l: Mande fanm nan kisa m ka fè pou li.
-Mli reponn: m'ap viv nan mitan paranm yo, m pa bezwen anyen.
Jeyazi te di: Li pa genyen pitit, e mari li koumanse granmoun.
-Elize di: Rele l pou mwen.
Jeyazi rele fanm nan, li antre nan chanm elsize a.
-Dim non nan kisa m ka ede w.
-Nan ane k 'ap vini nan menm moman sa w'ap genyen yon pitit.
Fanm nan te rete  ap tann yon pitit depi anpil tan, li te panse ke sa pa' posib ankò. Nan menm dat la fanm nan te vin genyen yon pitit, nan dat Elize te di a! li santi l kontan pou l vin manman!
Timoun nan t'ap grandi. Men yon jou li te ale wè papa l nan jaden an; apre li te rete nan solèy la, li te vin malad.
-!Ay, tèt mwen, tèt mwen!
Papa a te di mennen l bay manmanl
Nan menm moman li te pran l epi te mennen l bay manman l, li te mete sou li jiska midi, epi li vin mouri.
Madanm nan te santil san fòs; men lit e vle ak Elize. Leve ale nan kote Elize te konn ye a, Elize te wè li byen lwen li kouri di sèvitè l la al rankontre ak li. Men li pa t vle l mande l pou timoun nan. Fanm nan te vle pale ak Elize dirèkteman, men li te ba sèvitè l la yon baton pou senbòl de otorite tankou yon pwofèt.

# Twa Restitisyonri



-Pran baton m nan menmw epi ale, lè w rive mete baton an sou vizaj timoun an . Lè yo te rive nan kay la, li te fè tout sa Elize te di l yo, li menm te ajoute ke timoun nan pat leve.

-Lè elize te wè timoun nan te kouche, li te fèmen pòt la epi li priye Bondye. Apre sa li kouche sou timoun nan, mete bouch li sou bouch timoun nan; je l nan je l epi menl nan men l yo. Pou l ta rechof timoun nan epi koumanse pase nan tout kay l. apre sa li monte ankò sou timoun nan. Nan menm moman sa timoun nan te etènye pandan sèt fwa epi louvri je l yo. Epi Elize te rele jeyazi li te di:

Rele fanm nan, lè l rantre li dil men pitit ou, nan yon ti moman ankò Bondye te di l pral genyen yon mizè nan peyi a, pa t genyen anyen pou manje Elize te genyen konpasyon pou fanm nan leve al chache wè l pou l di l sa.

-Li di l: Leve ou menm ansanm ak tout moun lakay ou pou al viv nan yon kote w kapab viv, paske Bondye pral lage yon grangou nan tout peyi a. Konsa li ale ansanm ak tout fanmi l.

Aprè sèt lanne yo te retounen. Te genyen yon moun kite pran tout byen yo te genyen. Fanm nan te ale kot wa pou eksplike tout bagay. Jeyazi ansanm ak wa t'ap pale nan moman l te rive, men l te konn tout sa l t'ap di a, li te rakonte l tout istwa. Oput sa w gen pou li yo.

-Renmèt li tout bagay.

(2 Wa 4 ak 8).



# Montre konpasyon pou

***Vèsè pou aprann:*** Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. *(Galat 6:10).*

Gade byen desen sa yo epi reponn ak kesyon pwofesè yo.



Ou konnen ki bezwen moun nan legliz
ou yo bezwen?
Kisa w ta dwe fè pou w montre
konpasyon.

Leson 46

KAYE ELÈV LA

# KONPASYON POU OTORITE YO

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. (Galat 6:10)

-!Oooo! Yon jen fi ki t'ap sèvi t'ap kriye, lèp non! (Naaman mèt mwen an genyen ton maladi e pa genyen okenn moun ki ka geri l). Si nou ta priye pwofèt la ki nan vil samari a, li te ka geri l de lèp sa. Madanm naaman te rakonte mari l sa tifi a te di a.

-Li mande tifi a, ou panse l ka ede m? pou rezon sa li mande wa yon pèmisyon pou voye bay wa Izrayèl la pou l te ka jwenn ak pwofèt la.

-Ale, m'ap voye yon lèt ale bay wa peyi Izrayèl la.

Naaman te leve l ale ak yon bann sèvitèl yo. Li te pote bay wa peyi Izrayèl la yon lèt. Li te di: "lè wa wè lèt sa l'ap mennen w al jwenn pwofèt la paske l'ap konnen kisa l dwe fè pou ou".

Nan menm moman sa lè wa Izrayèl la fin li lèt la li dechire tout rad kite sou li li di:

-Ebyen se Bondye mwen ye, ki bay vi ak kite lavi, poul voye yon nonm ban mwen pou m geri l ak lèp la? li ap chache fason pou l ka nan diskisyon ak mwen.

Pandan Elize menm tande Jan wa Izrayèl la te dechire rad sou li akoz lèt li te resevwa, li voye di wa poukisa w dechire rad sou ou?

Naaman rive ak tout chaval li yo, te kanpe devan pòt kay elize a; li te anvi konnen pwofèt la. Men li pa t menm sòti pou vin kote naaman. Li te voye yon moun bal yon mesaj.

-Ale benyen nan rivyè a pandan sèt fwa sèlman, w'ap geri de tout maladi w yo.



# OU GENLE AP BAY BLAG?

Naaman te fache anpil paske l t konnen ke pwofèt la t'ap soti vin jwenn li, li te leve men l anlè rele Bondye l la, pou l mete menl sou kote ki gen maladi a. Rivyè ki nan peyi m yo pi bon pase rivyè sa yo. Si m te benyen ladan yo, mwen pa t'ap geri tou? Tout sèvitè l yo te renmen l anpil, yo tout ta renmen l jwen gerizon yo te konnen ke l te eseye li pa t janm jwenn anyen.
-Papa mwen si pwofèt la te mande w yon bagay ki pi difisil; ou pa t'ap fè sa? Eben, poukisa w pa obeyi sèlman?
Naaman te konnen sa sèvitè l yo t'ap di a se te bon pawòl. Li desann nan rivyè a, li te plonje sèt fwa. Daprè pawòl la. lè l fin fè l tout kò l te vin menm jan ak yon po timoun. Kouman sèvitè l yo kouri al di Elize sak te rive a, Naaman te di li:
-Kounyeya mwen konnen ke genyen yon Bondye ki egziste nan tout tè izrayèl la.
Naaman te santil kontan anpil paske elize te genyen konpasyon pou li, li te vle ofri l anpil bagay, men Elize pa t aksepte kado yo. Paske li te vle l konnen se pa li menm ki fè sa se Bondye nan syèl la, paske pèsonn moun pa kapab achte favè Bondye.





# Kisa ki te pase?



# Konpasyon












**Pou sa yo ki gen pouvwa ak otorite.**

Obsève chak moun ki nan desen sa yo. Gade nan ki kote yo egzèse pouvwa ak otorite yo. Ekri sa w panse a nan chak kesyon yo.

1. Kiyès moun ki genyen pouvwa ak otorite?

2. Poukisa moun ki genyen pouvwa ak otorite bezwen moun gen konpasyon pou yo?

3. Kijan nou kapab yon moun ki genyen konpasyon?

Leson 47

**KAYE ELÈV LA**

# KONPASYON POU LENNMI NOU

**Vèsè pou aprann:** Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. (Galat 6:10)

Kiyès ou panse ki pa bezwen konpasyon pami moun sa yo?
Kliyan ki fache a, li te kite bous li a nan men fi apou tèt sa y'ap chache l la? (desen yo mete nan tablo a).



# !Men, yo se lènmi!

(dram yon istwa biblik)

**Premye senn nan:**
(Kan lanme siri a te rantre yon sòlda, vizaj li make laperèz, li bese devan wa).
**Sòlda siri a:** -!Otorite! lame siri a te pèdi batay la ankò devan lame izrayèl yo.
**Wa siri a:** (Byen move) -Yon lòt fwa ankò? nou gen pou n wè ke genyen yon espyon nan mitan nou k'ap rakonte tout plan nou yo. !Voye rele tout ofisyèl yo! Pou n ka konnen kiyès ki espyon an.
**Sòlda Siri a:** -!Wi, otorite! !Kounyeya! (Ale epi retounen ak ofisyèl)
**Wa siri a:** -Nou pa ka dekouvri kiyès nan mitan ki ap bay sekrè y oak moun pèp izrayèl?
Premye ofisye a: -Non, wa seyè mwen; se pwofèt elize ki nan peyi izrayèl, se li menm ki rakonte ak wa izrayèl la tout sa w di andanm chanm ou.
**Dezyèm wa:** -!Wi, otorite! Pwofèt sa kontan ekzateman tout kote nou prale atake yo. Bondye yo a revele yo tout sekrè nou yo. Aprè sa li fè wa izrayèl la konnen tout bagay yo.
**Wa siri a:** -Ale pou n wè ki kote l ye, pou m ka voye al pran l (mesye yo ale chache ki kote l ye epi wa ekri yon bagay nan yon pègamin).
Premye ofisye a rantre epi li mete ajenou devan wa.
**Wa siri a:** Nou rankontre ak pwofèt Elize?



**Premye ofisye:** -!Wi! li nan dotan!
**Wa siri a:** Dotan? !al antoure vil la kounyeya!
**Premye ofisye a:** !Wi, otorite! Ale non
**Wa siri a:** Elize, nan yon titan ankò, l'ap vin prizonye m.
L'ap di sa l'ap fwote men I yo epi ap ri.
Dezyèm sènn nan
Nan demen maten byen bonè nan vil dotan, sèvitè Elize a te ale nan pwi al chache dlo. Nan menm moman sa li vin rann kont ke lavil la te ranpli ak anpil gwo cha de gè, lanme siri a ak anpil bann sòlda.
**Sèvitè Elize yo:** -!Mèt, vil la antoure ak yon bann sòlda peyi siri yo! !y'ap vin touye nou! !y'ap vin touye nou! mèt mwen! kisa n'ap fè?
**Elize:** Pa bezwen pè yo, paske sa ki avèk nou an pi fò pase sa k avèk yo a. (Elize te bese tvt li epi koumanse lapriyè Bondye). Mwen priye w Bondye pou w louvri je I pou I ka wè.
**Sèvitè Elize a:** (Gade sou kote w la, koumanse ap fwote je I yo
-Mwen pa ka kwè sa m wè yo, genyen anpil lòt chwal ki antoure nou. !yo klere tankou flanm dife!
**Elize:** Gade anwo nan syèl la! (m'ap mande w tanpri se pou w fè tout moun sa yo avèg, yo pa menm konnen ki kote yo prale, y opa menm konnen ki kote yo prale).
**Elize:** Te apwoche kote premye ofisye a; se pa chemen an sa, pou w mennen w nan vil la; swiv mwen mwen pral mennen w bay moun w 'ap chache a.
Premye ofisye a: te di ak mesye I yo swiv mwen.
**Elize:** Bondye m'ap mande w pou louvri je yo pou kapab wè.
**Premye ofisye a:** Ki kote nou ye la? lè I gade tout sa kite antoure I yo.
**Dezyèm ofisye a:** Genlè se samari m ye! Mwen pa ka kwè sa!
**Wa izrayèl la:** Papa Bondye, n'ap touye yo?
**Elize:** nou ta touye sa nou pran ak nepe nan kaptivite yo?
Ba yo manje pen ak dlo; pou manje ak bwè, epi aprè sa fè yo retounen lakay yo.
**Premye ofisye a:** Nou tande? !yo pral ban nou manje ak bwè apre sa y ' ap fè n retounen lakay nou! li te pale ak yon kòlèg li.
**Dezyèm ofisye a:** ki tip de moun y oye?

(Nou jwen istwa sa nan liv 2 Wa 6).



## Sa ki gen bezwen yo

Ekri kijan nou ka montre konpasyon ak mizerikòd bay sa yo ki gen bezwen an
-

## Ak sa ki pouvwa yo

Ekri kijan nou ka montre konpasyon ak mizerikòd ak sa yo ki san espwa yo.

## Konpasyon pou sa ki san espwa yo

Ekri kijan nou ka montre konpasyon ak mizerikòd ak sa kite vle fè w soufri yo

Ekri kijan nou ka montre konpasyon ak mizerikòd ak moun ki genyen gwo pouvwa yo




## Plan konpasyon m nan

Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye. Galat 6 10

Leson 48

KAYE ELÈV LA

# FET NWÈL LA DAPRÈ ANSYEN YO AK PWOFÈT YO

**Vèsè pou aprann:** Li pral fè yon pitit gason w'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo. Matye 1:21.

# ANKÈT AK TOUT PWOFÈT YO SOU FÈT NWÈL LA

**Jounalis la:** Bondye te gentan palnifye fèt nwèl la depi anpil tan. Pyè te di yo te gentan chwazi Jezi depi pou l te vini nan mond la depi anvan sa te gentan kreye (1 P 1:20). AprV ke Jezi te vini an, Bondye te ede moun kite ekri Nouvo Testaman an sou sa kite gentan pale nan Ansye Testaman. Nou pral pale ak youn nan ansyen yo ansanm ak de nan pwofèt yo, youn kite jwenn nouvèl sa.

**Abraam:** Bon, kiyès kita panse sou sa? Tout sa m panse yo se Bondye ki dim sa: Li pral fè de mwen yon gran nasyon, li pral beni m, beni nonm. Epi m'ap yon benediksyon. L'ap beni sa ki beni m yo epi l'ap modi sa ki modi m yo; epi pa mwen menm anpil fanmi sou latè pral beni. (Genèz 12:2-3).

Nou menm nou ka imajine kijan sa te sonnen nan moman sa. !Madanm mwen ak mwen nou p 'ap genyen pitit! Anpil generasyon aprè Jezi vin fèt. Li se pitit Bondye. !Sa se bagay ki pi gwo mwen te kapab panse!

**Jounalis la:** !Se vre! Mèsi Abraam. Dezyèm envite nou se Ezayi, pwofèt la. !Byenvini Ezayi!

**Ezayi:** !Mwen pa ka kwè fason Bondye



pale yo! mwen te konnen anpil bagay sou Abraam, m se youn nan desandans li yo. Bondye pèmèt ke fanmi li an grandi epi vin bay anpil moun. Lè mwen te konn dirije moun yo te pè pou yo p'at peri. Bondye te itilize m pou m te di yo ke genyen esperans. Konsa m te di yo: Bondye ap ban nou yon siyal. Jenn fi ki ansent la pral fè yon pitit l'a rele l Emanyèl (Ezayi 7:14). Mwen te di yo: Nou gen yon tipit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l bon konseye k'ap fè bèl bagay la Bondye ki gen tout pouvwa papa ki la pou tou tan w'a k'ap bay kè poze a. (Ezayi 9:6).

**Jounalis:** Mwen te tande sa anvan, nan ti istwa ak ti chante nwèl.

**Ezayi:** Nou kapab wè pou kisa nou pale de Jezi konsa. Li te vini san lanne aprè m. Bondye te itilize pawòl mwen yo pou te bay esperans ak pèp li a nan epòk sa! Si nou ta retounen nou bay Bondye, li t' ap pwoteje nou. Men genyen yon bagay ki gen plis valè !Bondye te itilize pawòl mwen yo pou te bay fòs ak lòt moun ke nan jezi pral konpli pwomès li yo nan yon fason espesyal.

!Oooo, genyen yon bagay anplis! Konsa tou mwen te rakonte bay pèp izrayèl la de yon nonm ki ta pral prepare chemen an pou nonm sa. Moun sa t'ap di konsa: Tande vwa yon moun k'ap rele byen fò pare chemen seyè a nan dezè a louvri yon wout nan savann nan pou Bondye nou an. (Ezayi 40:3)

**Jounalis la:** Anpil lanne aprè Matye te wè kijan yo te dekri Jan Batis, youn ki t'ap prepare moun yo pou mesaj jezi kri ta pral bay yo. Mèsi Ezayi, dènye envite nou an se Miche.

**Miche:** Mèsi, se yon plèzi pou m la. Gade kijan Bondye nou an gran? Men m jan ak Ezayi, mwen te viv nan yon moman byen difisil. Jan nou konnen, izrayèl te vin divize an de wayom. Mwen te konn avèti yo ke peche yo ta pral detwi yo.

Jounalis: Se yon bagay ki tèrib wi!

**Miche:** Wi, konsa, men Bondye pa jan m fatige ak nou. Li toujou ban nou yon mwayen pou n retounen ak li. Jan nou bètleyèm se te yon vil kite piti, men te genyen kèk moun enpòtan ki soti nan vil sa tankou Neemi, Rit ak menm wa David. Senyè a di ankò: men ou menm lavil Bètleyèm, Efrata ou se youn nan pi piti nan tout lavil peyi jida yo, se vre men se nan mitan ou m'ap fè sòti pou mwen yon chèf pou pèp izrayèl la, yon chèf k'ap sòti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan. (Miche 5:2)

**Jounalis la:** !An an eben; se ou menm kite bay lite ak Ewòd pou te jwenn ak Jezi!

Miche: Bagay sa yo te sòti anpil tan aprè m. Men se mwen kite pwofetize ki kote Jezi ta pral fèt.

**Jounalis:** !Enkreyib! Nou pa ka sonje ke Matye ak lòt ekriven Nouvo Testaman yo, te sezi anpil sou sa yo te jwenn nan Ansyen Testaman. Yo te jwenn tout gwo verite ke Jezi se te pitit Bondye li ye. Men prezans sou latè te bay plis sans ak tout sa kite di yo.



# PITIT BONDYE A

*Pitit Bondye a te fèt nan epòk livè*
*nan yon kote ki p'at genyen flè*
*ni zòrye pou l te dòmi. Se menm*
*limenm nan kite desann soti nan*
*syèl la tankou chandèl kay klere a.*

*Li te kite tout bèl glwa li anwo*
*lakay papa l. Lite desann sou fòm*
*yon moun epi bondye an menm*
*tan.*
*Li te desann pou l te sove tout*
*moun.*
*Yon moun ke monn nan pa t janm*
*konen!*

*Ak anpil imilite nan li, yo te tande l*
*epi tout moun te vin mete ajenou*
*nan pye l. pou rezon sa m'ap priye*
*nou tout k'ap tande m yo li bon*

# Klèb vèsè mwa a

Se pou w toujou rete youn nan manb klèb pou mwa. Ou kapab envite kèk nan ti zanmi w yo pou kapab aprann li ak ou jiskaske yo konnen l. Men yo pou trimès sa: Matye 1:21, Jan 11:27 ak 1 Kor 10:31 y'ap byen kontan lè yo fin aprann li.




**Li pral fè yon pitit gason w'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo.**

**Matye 1:21.**

**Mat reponn li: Wi senyè mwen kwè ou se kris la pitit Bondye. Ou se moun kite genyen pou vini sou latè a.**

**Jan 11:27.**

**Se sa'k fè, kit n'ap manje, kit n'ap bwè, nenpòt kisa n'ap fè. Fè pou sa sèvi you lwanj pou senyè a.**

**1 Kor 10:31**

Leson 49

KAYE ELÈV LA

# FÈT NWÈ L LA DAPRÈ KAZARI AK ELIZABÈT

**Vèsè pou aprann:** Li pral fè yon pitit gason w'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo. Matye 1:21.

## Nou prè pou fèt nwèl la

Reponn kesyon anba yo; kote w' ap ekri repons yo nan espas vid yo.

Ki preparasyon nou fè ou menm ak fanmi w pou fèt nwèl la?

____________________________________________

____________________________________________

____________________________________________

____________________________________________

Ki preparasyon Bondye te fè pou premye fèt nwèl la?

____________________________________________

____________________________________________

____________________________________________

Prepare mond lan pou nesans Jezi ase pa tout sa Bondye te fè. Konsa tou, li te prepare pou resevwa jezi. Ou konnen kijan l te fè sa?

Gade w'ap jwenn repons lan nan paj sa.

Rad li te fèt ak pwal chamo sou li. Li te mare ren l ak yon Sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato mwyèl li te jwenn nan bwa.

Kiyès sa?

____________________

____________________

____________________

____________________

____________________



# PREPARASYON POU SOVÈ A

Elizabèt te di zakari konsa: ou panse ke genyen yon jou n'ap genyen yon pitit?

-Zakari te reponn li: !M' pa konnen! Nou déjà fin vye granmoun epi m priye anpil sou sa.

Zakari se te youn nan prèt kite konn sèvi depi nan tan ke Ewòd te wa nan peyi Jide, se te yon nonm kite dwat devan Bondye.

Yon jou se te li menm kite genyen pou I al fè sakrifis nan tamp lan. Te vin parèt devan I bò dwat lotèl la. Pandan I fin wè, li te pè. Men, zanj lan di:

-Zakari, pa pè, paske priyè w yo rive devan Bondye kote Elizabèt madanm ou pral fè yon pitit, w'ap rele I Jan. Li pral fè ke anpil nan pitit Izrayèl yo retounen vin jwenn Bondye. Se li ki prepare wout la.



-Li te di: Kijan sa pral fèt? Mwen déja fin vye granmoun ansanm ak elizabèt madanm mwen.

-Mwen se zanj Gabriyèl, ki toujou rete devan Bondye, li te voye m kotew pou m te ba' w nouvèl sa. Kòm ou pa kwv nan pawòl mwen yo, sa genyen pou l fèt jan sa te di a, men w'ap vin bèbè epi ou p'ap kapab pale jiskaske sa rive.

Nan menm moman sa pèp la te rete ap tann zakari deyò a, sa te fè yo sezi pou l te pase tout tan sa andan an. Lè misye soti li pa't ka pale.

-Yo t'ap di: Sak pase l?

-!Te santi l tris anpil! li t'ap fè anpil jès ak men l yo.

-Yon moun te di: Men l'ap chache mwayen pou l te di yon bagay.

Lè l te fini ak tout travay li te genyen nan tamp la, li te ale lakay li ansanm ak madanm li Elizabèt. Yon jou Elizabèt te vini ak yon bòn nouvèl.

-!Zakari, nou pral genyen yon pitit! Bondye tande lapriyè n yo.

Pwofèt la te reponn ak kè kontan, Bondye sa gran vre, si mwa aprè nouvèl sa, Mari youn nan fanmi Elizabèt, rive vizite l; lè l te rantre nan kay zakari ak Elizabèt li salye yo, pitit kite nan vant lan li vole ponpe epi nan menm moman sa Elizabèt te ranpli ak lespri Bondye.

-Elizabèt te di Mari: Ou beni pami tout fanm ki sou latè ak benediksyon ki nan vant ou an.

Mari te rete lakay Elizabèt pandan twa mwa, lè jou a te rive Elizabèt te fè yon pitit, se te yon tigason, nan menm jan Zanj lan te di a. Anpil vwazen ak fanmi te kontan jou sa.

-Yo t'ap mande: Ki non pou nou bay?

Tout gason t'ap di: N'ap ba'l menm non ak papa l zakari.

-Elizabèt te reponn: Non! L'ap rele Jan, pa gen okenn moun nan fanmi w ki pote non sa.

-Fanmi ak vwazen te pale ak zakari sou fòm siyal. Li te mande yon bout tablètpou l te ekri l. "L'ap rele Jan". Nan menm moman sa zakari te vin koumanse pale epi beni bondye vivan an. Jan te konn viv nan dezè a nan peyi Jide. Rad li te fèt ak po chamo; li te mare ren l ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl. Lè tan kite pale a te rive te koumanse ap preche pawòl Bondye a, li t'ap di: repanti nou, paske wayòm Bondye a prèske rive.

Li t'ap di moun yo se mwen menm pwofèt ke yo te pale nan liv Ezayi a lè yo t'ap di: prepare chemen Bondye a, plani chemen an byen plani pou li! Te vin jwenn li tout moun soti Jerizalèm, nan Jide ak nan tout vwazinaj yo nan rivm, nan Jide ak nan tout vwazinaj yo nan rivyè jouden an.

# JAN BATIS

Chache vèsè biblik chak kesyon sa yo epi mete repons yo nan espas ki vid la.

1. Kiyès kite vizite zakari nan tamp lan kite anonse l ke l ta pral genyen yon pitit? (Lik 1:11)

   ______________________________

2. Ki non zanj lan te di pou zakari te bay pitit la? (Lik 1:13)

   ______________________________

3. Ki non moun yo te pase yo te ka bay ti moun nan? (Lik 1:59)

   ______________________________

4. Kijan yo te rele manman Jan? (Lik 1:13)

   ______________________________

5. Kisa Jan te konn manje? (Matye 3:4)

   ______________________________

6. Kisa Jan te vin fè? (Matye Lik 3:4)

   ______________________________

7. Kisa Jan te di moun yo pou te fè? (Matye 3:2)

   ______________________________

8. Kisa Jan te konn fè ak dlo a? (Lik 3:10)

   ______________________________

9. Ki wayòm Jan te di ki pre? (Matye 3:2)

   ______________________________

10. Ak kisa jan te di sak vini aprèl la pral batiz yo? (Lik 3:16)

    ______________________________

11. Ki kote Jan te konn viv? (Lik 1:80)

    ______________________________

12. Ki pwofèt kite pale sou moun k'ap vini an? (Lik 3:4)

    ______________________________

13. Ak kisa jan te batize yo? (Lik 3:16)

    ______________________________

Leson 50

KAYE ELÈV LA

# FÈT NWÈL LA DAPRÈ MARI AK JOZÈF

**Vèsè pou aprann:** Li pral fè yon pitit gason w'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo. Matye 1:21.

## Sou bagay kite pase nan mitan Nwit

**Premye sèn nan**

(Mari ansanm ak Jozèf te chita ap pale. Mari te santi l tris anpil)

**Mari:** !Jozèf! !Genyen yon bagay espesyal kite rivem!

**Jozèf:** Sa 'k te pase w la?

**Mari:** Yon zanj Bondye te parèt devanm li te di m: !Mwen felisite w, ou jwen favè nan Je bondye, senyè a avèk ou!

**Jozèf:** Ou genlè pa pè?

**Mari:** Wi o koumansman, men aprè lit e dim: "Mari pa pè, ou jwen gras nan je bondye.  Kounyeya ou pral ansent, ou pral genyen yon pitit w' ap rele l Jezi"

**Jozèf:** !Rete tann mwen pou yon timoman! Ou pa ka genyen yon pitit; jiskapezan nou poko marye.

**Mari:** Mwen konnen; se pa yon timoun konsa konsa. Zanj lan te dim konsa Lespri Bondye ap desann sou ou epi pouvwa Bondye ap repoze sou ou menm. Pou tèt sa timoun ki pral fèt la pral rele Pitit Bondye a.

**Jozèf:** (Anpil tritès); mari mwen ta renmen kwè w meb… kouman Bondye kapab genyen yon pitit? zwemwen bezwen tan pou m ka kwè l. (l'ap pale pou kont li) mete nan ou menm ke mwen ak Mari  dwe fini ak relasyon nou an.

**Dezyèm sèn nan 2**

(Jozèf te lakay li nap dòmi. Yon parèt devanl)

**Rakontè a:** Jozèf te leve al kouche lakay li, ak anpil pwoblèm ap panse, yon pakèt bagay.

**Zanj:** Jozèf, pitit David la pa pè pou resevwa Mari lakay ou kòm madanm ou. Pitit li pral genyen espesyal, se pa mwayen lespri sen;  yo te rele l Jezi, paske l pral sove pèp li a de peche.

**Rakontè a:** Tout bagay sa yo te rive pou sa kite ekri nan liv pwofèt yo ka konpli. Fanm nan pral ansent yo pral ba l non Emanyèl sa vle "Bondye ak nou". Lè Jozèf te



reveye nan mitan lannwit lan te fè sa zanj lan te di l fè a, te pran Mari lakay li kòm madanm li. Moman pou te peye taks la te rive, emperè te pase tout moun yo lòd pou te retounen nan zòn yo te fèt la pou ka enskri.

**Twazyèm sèn nan 3**
(Mari ak Jozèf te ale nan lavil Bètleyèm. Mèt otèl la t'ap pale pou kont li)

**Otelye a:** Nan tout Bètleyèm moun te soti tou patou pou vin  enskri. Tout otèl yo te ranpli ak moun. Mwen kwè ke  m pa bezwen pale ak  pèsonn ke m pa genyen kote ankò. !Aaaa… nan menm moman sa yo t'ap frappe pòt la!

**Jozèf:** Pa genyen yon chanm ki vid?

**Otelye a:** ¡Aaaa! Otèl la ranpli déjà. Se pou w chache yon lòt kote.

**Jozèf:** Nou sòti depi Nazarèt. Madanm mwen pral akouche talè konsa; n'ap chache yon kote pou l repoze l. Ou pa genyen yon kote nou ta ka repoze pou yon ti moman?

**Otelye a:** !Mwen di non deja! Mwen ta renmen ede l …  men! Non !Rete tann mwen. Mwen genyen yon lide. Si w vle ou mèt rete nan pak sa, sèlman s mwen kapab lofri nou.

**Jozèf:** Pak la, oke mèsi bokou.



Katriyèm sèn nan 4



(Mari, Jozèf ak timoun nan te rete nan yon kwen nan pak la ansanm ak gadò mouton yo, nan menm kote a te genyen yon gwo flanm dife kite limen pandan zanj Bondye yo te rive.)

**Rakontè a:** Pandan yo te rete la, Mari te vin akouche premye pitit li a, li te vlopel ak  yon rad epi mete l kouche nan ti panye. Nan menm zòn nan te genyen yon bann gadò mouton kite konn veye bèt yo nan mitan lannwit. Zanj lan te parèt devan yo.

**Gadò mouton yo:** (Ak anpil laperèz), kisa sa ye? Ki moun sa? silvouplè pa fè nou mal!

**Zanj la:** Nou pa bezwen pè mwen pote pou nou yon bon nouvèl k'ap fè nou kontan anpil. Jodia  nan lavil david te fvt sovv mond lan. Kòm siyal n'ap wv timoun nan kouche nan yon ti panye.

**Rakontè a:** Nan menm moman sa genyen yon bann zanj Bondye kite vin adore ti bebe a. Yo t'ap di.

**Zanj yo:** Glwa a Dye ki anwo nan syèl la, lapè ak tout moun!

**Rakontè a:** Aprè sa zanj yo te ale.

**Gadò mouton yo:** Ann ale, Bètleyèm sa k te rive a.

**Rakontè a:** Yo tout te kouri ale, yo te jwenn Mai, jozèf ansanm ak timoun nan te kouche nan yon ti panye.



# GADE TÈT OU ANVAN

Jezi pa t fèt pou gadò mouton yo nan lavil bètleyèm, li te fèt pou ou. Kijan w santi w lè w konn sa? Ekri oswa desine nan glas la kèk fason ou ta renmen remèsye l, epi sonje kèk sitiyasyon ki te bay lajwa oswa tristès ou te pase epi desine l. Si w vle ou ka rakonte lòt yo esperyans ou.

# Klèb vèsè mwa

Nou bezwen èd pou n ka aprann vèsè a pa kè? Nou gen yon zanj ki pral ede n. Koupe l nan lign nan. Apre sa koupe l nan de lign orizontal nou jwen nan mitan zanj lan. Epi mete vèsè a nan kote nou koupe nan zanj lan. (Si w vle èd



**Li pral fè yon pitit gason w'a rele l JEZI. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo.**

**(Matye 1:21)**

Leson 51

KAYE ELÈV LA

# FÈT NWÈL DAPRÈ SIMEYON AK ANA

**Vèsè pou aprann:** Li pral fè yon pitit gason w'a rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo. Matye 1:21.

## EKRI OPINYON W

Si yon zanmi ta di w pou li menm fèt nwèl la pa vle di nesans Jezi, se yon lòt bagay, menm jan ak timoun sa yo ki nan desen an, kisa w ap reponn li? Ki espas ki vid la, ki anba desen yo ekri sa w t'ap di ak timoun nan, kisa sa vlle di fèt nwèl la.



# Yon Akèy nou Pa't janm panse





Sa ta sanble se menm janm ak yè lè n ta prale nan lavil Bètleyèm. Jezi te gentan genyen 40 jou depil fèt. Jozèf ak Mari te mennen l nan Jerizalèm pou te prezantel bay Bondye nan Tamp lan.

Te genyen nan lavil Jerizalèm yon nonm kite dwat devan Bondye. Yo te rele l simeyon, youn kite rete ap tann pwomès Bondye yo pou l te voye sovè mond lan, nan jan l te pwomèt li a. Lespri Bondye te repoze sou li. Bondye te pwomèt li ke l pa p mouri san l pa wè sovè a, li te rete ap tann sa fè depi anpil tan. Men jodi a se yon bagay difeferan. Nan menm moman sa lespri sen an te mennen l nan Tamp lan. Pandan Mari, jozèf ansanm ak timoun nan te rantre nan tamp lan, li te ale kote yoepi li wè timoun nan.

Li te di konsa: Ti moun sa pa menm jan ak lòt timoun yo. Paske se sa Bondye te pwomèt nou an.

Li te kenbe l nan bral epi beni Bondye li t'ap di: Senyè mwen wè sovè a ke w te pwomèt la. Mwen wè l ak jem kounyeya mwen ka mouri paske m wè moun ki pral sove pèp mwen an. Li pral sove tout moun. Menm say o ki pa jwif yo. Kounyeya m ka mouri.

Simeyon te beni yo, men Mari te di li: Timoun sa pral bay anpil valè ak sa yo ki kwè, men li pral bay anpil pwoblèm ak sa yo ki pa kwè. Sa pral bay anpil doulè. Men pa janm bliye ke li se yon moun espesyal.

Pwofèt Ana te rete nan tamp lan, lit e granmoun anpil men li pa t janm soti la li t'ap sèvi lan nan tout jènn ak priyè.

-Li te wè Mari, Jozèf ak timoun nan, lit e pwoche kote yo men lit e konnen Jezi.

-Ana te di: Se timoun sa ke nou t'ap tann ke Bondye te genyen pou l te voye a. !Glwa a Dye! !Paske li voye sa li te pwomèt la! Mwen dwe pale ak tout lòt kiyès li ye.

Mari ansanm ak Jozèf te kontan anpil sou tout bagay yo te pale sou Jezi yo. Yon zanj te gentan di l se pou yo rele l pitit Bondye vivan an. Men, lè Jezi te fèt te genyen yon bann gadò mouton yo t'ap di ke yon bann zanj te pale yo de timoun nan, paske sa se te yon bòn nouvèl pou tout moun. Kounyeya simeyon ak Ana te konnen se te li menm Bondye te chwazi a aprè tout sa kite ekri nan liv la lwa yo te rive. Yo te ale nan vil Galile, nan zòn Nazarèt.

(Nou jwen istwa san an Lik 2)

# Annou fete ansanm



Fèt nwèl se yon bagay pou fete pandan tout lanne a. Ekri yon bagay nou kapab fè lè n'ap fete nesans Jezi a.

Kisa
w kapab pataje
nan lis ou a ak lòt moun?
Kisa w kapab fè ak tout zanmiw ki kretyen yo pou konprann kijan pou yo fete fèt nwèl la.
Fè yon kwa kote w te ekri sa w pral fè pandan semèn sa a pou fete nesans Jezi a.
Prepare w pou nan pwochen klas la ou kapab rakonte lòt yo esperyans ou nan fete lajwa Nwèl la avèk nou.

Leson 52

KAYE ELÈV LA

# RENMÈT TOUT BAGAY BAY BONDYE

**Vèsè pou aprann:** Paske si nou mete tout kè nou pou nou bay, Bondye ap aksepte kado nou bay la. L'ap gade sou sa nou genyen, li p'ap gade sou sa nou pa genyen. (2 Kor 8:12)




Ki bagay nan lis ou ta prete ak yon moun ou pa konnen?

# POUVWA MONNEN YO

1

De monmen sa yo sepou fanm pòv la I ye, youn ki t'ap mache byen vit soti nan mache Jerizalèm nan. Li te retire I nan valiz li pandanl t ap mache a, monnen yo koumanse ap pale.

**Mony:** -!Doli! Mwen kontan wèw yon lòt fwa ankò, ki kote w te Ye?

**Doly:** !La a! Mache san kanpe senmenn pase a mwen te nan valiz yon nonm ki te konn touche taks.

**Mony:** Se vre? Ou genlè ap bay blag? Rakonte m, ki tip monnen ou rekonèt?

**Doly:** Mwen te konnen kèk monnen tankou ajan ak kèk ankò. Yo tout t'ap pale m mal yo t'ap di m ke m pa itil, paske mwen mal fèt.

**Mony:** Wi, mwen konprann ou mwen menm tou m te pase nan nan menm sitiyasyon sa. Sa fè plizyè senmenn mète yon nonm rich. Li genyen yon ja lajan ak yon bann ti monnen. Sa w te kwè? Li menm li pa menm vle pale ak mwen.

**Doly:** Bon, kounyeya nou vin nan mache a ankò. Nou koumanse ap poze tèt nou kesyon nan yon ti moman ankò pou ki moun nou pral ye.

**Mony:** !Sa'k konnen! Mwen prè pou nenpòt sa I ye a.

**Doly:** !Se vre! Sèlman mwen ak ou.

**Doly:** Se sèlman mwen menm ak ou yo genyen. Li pa ka ache anpil ak nou. Ou panse ke se sèl nou li genyen?

**Mony:** Non, nan tout mond lan se de sèl monnen yo genyen, anplis de sa ki kante bagay ou ka achte ak santim?

**Doly:** -Gade rad li pou wè, yo fini sou li.

**Mony:** Wi, li vire tèt nou anpil. !Fanm sa prese anpil! Ki kote nou prale?

Se te yon aprv midi pandan fanm nan t'ap prese pou I pase nan mache a. Li t'ap kanpe pou ' wè ki kalite manje yo t'ap vann. Li te vle manje yon bon pat cho ke yo t'ap vann, sa yo te fè I sonje sa I te manje maten an. !Sèlman ypon ti tranch pen! Se sèlman sa I te genyen lakay li.

Li louvri men I, li wè se sèl santim sa I te genyen. Li kontontinye sere I nan rad kite sou li yo.

Tout limenm te konsantre I sou sèlman de monmen sa yo I genyen an. Li ta renmen genyen plis pou I te bay Bondye. Men se sèl sa I te genyen, te santi I konnen pou I te lofri sèlman sa I te genyen an.

Lè I rive nan tamp lan li te kouri monte eskalye a. li te kouri ale nan lakou kote fanm yo te ye a kite genyen gwo kès la, tamp lan te ranpli jou sa, te gen anpil moun la. Pandan I fin lage de santim sa yo te genyen an. Ti pòv malerèz la te gade nan plato a te gen anpil lajan an lò ak ajan. Pyès lajan I yo te piti anpil, lè w ap konpare I ak lòt yo.

# OFRANN VÈV LA

“Sa ta kapab”, (Istwa sa nou jwenn li nan Mak 12:41-44)





Li te koumanse ap kriye, men kè li te kontan anpil pou l te bay Bondye sèl sa l te genyen an. Aprè l fin bay ofrann lan, li kite tamp lan.

Men, malgre l te fin ale te genyen yon moun ki t’ap gade tout sa l t’ap fè. Nan menm moman Jezi te rle tout disip li yo li di yo: “Nan tout moun sa yo kite bay la fanm sa te bay plis, li menm menm kan li pòv anpil men l bay tout sa l te genyen, bay sèl sa l te genyen an.’’

# POUVWA MONNEN YO

2

## DEZYÈM PATI

**Mony:** Ou wè ki kote nou ye?

Doly: Wi!, se trezoryè a wi. Se premye fwa ke m la.

**Mony:** Mwen menm tou, m te panse nou t’ap tou rete nan mache a.

**Doly:** Avèk gwo grangou fanm sa te genyen an menm, m te panse ke n t’ap tou rete nan mache a.

**Mony:** Enbyen, poukisa li mennen nou la?

**Doly:** Kite’m di w yon bagay, pa di okenn moun sa, mwen panse nou se yon ofrann pou Bondye. Nou te sèl ti lajan li te genyen li renmèt li bay Bondye. Ou pas anti w enpòtan, Moni?

**Mony:** !Wi, se vre! Mwen santim nwi pou rete pami tout gwo lajan sa yo lò ak ajan.

**Doly:** Men, ou konn yon bagay Moni? Genyen yon bagay ki pi enpòtan pase lò ak ajan.

**Mony:** Mwen kwè’ w genyen rezon.



# Kisa w vle renmèt bay Bondye?

Si ou vle renmèt ou bay Bondye, desizyon w gen pou pran pral montre ke li jwe premye plas nan laviw, kisa w vle bay Bondye jounen jodia?





# pawòl ki bay LAVI A

Nou di ou mèsi pasque w chwazi liv Pawòl ki bay lavi a!
Ou pral jwenn ladan l leson enteresan ki pral ede w aprann plis de Bib la,
pèsonaj li yo ak sa Bondye vle pou ou.

Travay ansanm ak pwofesè ou, li istwa epi pratike sao u aprann nan.
Ou pral wè ke lavi ou pral trè enteresan ak vin pi bon
chak jou sèlman paske Jezi se Sovè ou epi zanmi ou tou.
Epi menm si no upa rekonèt ou, ekip KPN ap priye pou ou!

Edikasyon Kretyèn
pou Timoun yo